ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№151 (22.559) ● 2013 гъэм шыщхьэуIум (августым) и 6, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж ИнвестицэхэмкIэ щыIэ советым хэтхэр убзыхуным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж ИнвестицэхэмкIэ щыIэ советым хэтхэу мы Указым и гуэдзэным къыщыгъэлъэгъуахэр къэщтэн.

2. Къару имыIэжу къэлъытэн «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж ИнвестицэхэмкIэ щыIэ советым теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2012 гъэм гъатхэпэм и 1-м къыдигъэкIа Указ №31-УГ-м и етIуанэ пунктым и ещанэ абзацым.

3. Мы Указым къару егъуэт абы Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2013 гъэм шыщхьэуIум и 1-м
№121-УГ

(Указым и гуэдзэныр 2-нэ нап.)

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Унафэ

2013 гъэм шыщхьэуIум и 1-м №94-РГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэралыгъуэм и махуэр гъэлъэпIэным зыхуэгъэхьэзырынымрэ ар егъэкIуэкIынымрэ къызэгъэпэщын мурадкIэ:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэралыгъуэм и махуэр гъэлъэпIэным зыхуэгъэхьэзырынымрэ ар егъэкIуэкIынымрэ елэжьыну къызэгъэпэщакIуэ комитет убзыхун.

2. КъызэгъэпэщакIуэ комитетым зэхилъхьэу къищтэн хуейщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэралыгъуэм и махуэм ехьэлIа дауэдапщэхэм зыхуэгъэхьэзырынымрэ ахэр зэрырагъэкIуэкIыну щIыкIэмрэ щыубзыхуа план.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм къиутIыпщын хуейщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэралыгъуэм и махуэр щагъэлъапIэкIэ къызэрагъэпэщыну нэгузыужь Iуэхугъуэхэм текIуэдэну мылъкур.

4. Мы Унафэм къару егъуэт абы Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

(Унафэм и гуэдзэныр 2-нэ нап.)

● ЗэIущIэхэр

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Мэкъумэш щIапIэу гектар мин 65-рэ КъБР-м и мылъкум къыхохьэ

КъБР-м и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен иригъэкIуэкIа зэIущIэм щытепсэлъыхьащ федеральнэ мылъкум къыхэкIыу КъБР-м и мылъкум мэкъумэш щIапIэхэр къыхагъэхьэным теухуа Iуэхум.

КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ **Марьяш Иринэ** зэрыжиIамкIэ, зи гугъу ящIар мэкъумэш щIапIэу гектар мин 65-щ.

- Дэ ди къалэныр а щIыр ди щIыналъэм и мылъкум къыхэдгъэхьэнырщ икIи и унафэ тщIынырщ, къызэрыдгъэсэбэпым къит хэхъуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и бюджетым къэдгъэкIуэнырщ. Нэхъыщхьэращи, ар щIэгъэкъуэн хуэхъунущ щIы реформэр пхыгъэкIыным, - къыхигъэщхьэхукIащ япэ вице-премьерым.

Абы и псалъэхэм ятепщIыхьмэ, ищхьэкIэ щытепсэлъыхьа икIи арэзы къыщытехъуа иужь, КъБР-м и унафэщIхэм «гъуэгу картэ» зэхалъхьащ икIи ар гъэзэщIэнымкIэ жэуап зыхьхэр ягъэбелджылащ. ЩIы гектар мин 15 КъБР-м и мылъкум къыхэгъэхьэным теухуауэ УФ-м и Правительствэм къыдигъэкIыну унафэм и проектыр мы зэманым зэрагъэкIу. А щIыхэр республикэм кърατыжыным теухуауэ кIэух унафэр 2014 гъэм и мазаем къыдагъэкIыну я мурадщ.

ЗэIущIэм апхуэдэу хэтащ КъБР-м и Къэрал чэнджэщэгъу **Къармокъуэ Хьэчим,** къэрал мылъкумрэ щIы Iуэхухэмкiэ министрым и къалэнхэр зыгъэзэщIэ **Тонконог Аннэ,** Къэрал мылъкур зехьэнымкIэ федеральнэ агентствэм щIыналъэ къудамэм КъБР-м щыIэм и унафэщIым и къуэдзэ **Ульбашевэ Еленэ** сымэ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.

● Гъэмахуэ хъупIэхэм

Махуэ къэс шэ тонн 47-рэ

Мы гъэм КъущхьэхъумIэщышхуэу мин 30-м, мэлрэ бжэну мини 100-м щIигъу, шыуэ мини 6,5-м нэблагъэ щаIыгъщ.

МАХУЭ къэс шэ тонн 47-рэ къаш. Ар нэгъабэ елъытауэ процентиIэ 4-кIэ нэхъыбэщ. IэщIэвыщIэм я хьэлъагъым жэщ-махуэм грамм 500-м щIигъу хохъуэ. А бжыгъэри нэгъабэрейм проценти 6-кIэ щIегъу.

Зэрагъэунэхуащи, гъэмахуэ хъупIэхэм Iэщыр уз зэрыцIалэхэм нэхъ щыхъума щохъу, витаминрэ минерал веществохэмрэ куэду зыхэлъ гъэшу къатым щыхохъуэ. КъищынэмыщIауэ, Къущхьэхъур къызэрагъэсэбэпым лэжьыгъэм текIуадэр хуэдитIкIэ егъэмащIэ, мэкъумылэм къахудегъахуэ.

Мы гъэм гъэмахуэ хъупIэхэм былыму процентитIкIэ нэхъыбэ щаIыгъщ.

САМЧЕНКЭ Светланэ.

● Министерствэхэм

Мамиймрэ Iэщынымрэ утыку къралъхьэ

УФ-м щIыналъэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ Дедюхин Владимир иджыблагъэ иригъэкIуэкIа зэIущIэм КъБР-м ухуэныгъэмрэ архитектурэмкIэ и министр Мамий Артур хэтащ.

АПХУЭДЭУ абы ирихьэлIащ Урысей Федерацэм ЩIыналъэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм инвестицэ проектхэмкIэ, субъектхэм зэрызаужьыну программэ щхьэхуэхэмрэ хэхахэмкIэ и департаментым и Iэтащхьэ Резуан Нуралийрэ «Этана» ООО-м и унафэщI Iэщын Сергейрэ.

Зэхыхьэм щытепсэлъыхьащ Кавказ Ищхъэрэм и мызакъуэу, Урысей псом щынэхъ ин дыдэу полимер къэбзэхэм щелэжьыну «Этана» заводым и проектыр гъэзэщIа зэрыхъум. Инженер инфраструктурэр зэрагъэхьэзырыр Мамий Артур зэпкърихащ, Iэщын Сергей и докладыр предприятэр зэраухуэм ехьэлIат.

Дедюхин Владимир КъБР-м Ухуэныгъэмрэ архитектурэмкIэ и министерствэм пщэрылъ щищIащ республикэм ЭкономикэзыужьыныгъэмкIэ и министерствэмрэ «Этана» ООО-м и унафэщIхэмрэ ящIыгъуу, полимер къабзэхэм я инвестицэ проектыр зэрагъэзащIэм хэплъэну икIи шыщхьэуIум и 19-м къыхалъхьэну зэIущIэ зыубгъуам ар зэрекIуэкIым щыхагъэгъуэзэну.

ЩОДЖЭН Динарэ.

Республикэм щыпсэухэм ящIэн папщIэ

Iулъхьэ зэрызэIэпахым, коррупцэм пыщIа Iуэхухэр зэралэжьым е яләжьыну зэрызагъэхьэзырым теухуа хъыбархэм фыщыгъуазэмэ, сыт хуэдэ зэманми фыпсалъэ хъунущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и деж щыIэ **8(8662) 47-17-79, 47-32-56** телефонхэмкIэ.

● ЖКХ

Унэжьхэм щIэсхэр щIэх Iэпхъуэну?

УФ-м и Президентым накъыгъэ мазэм къыдигъэкIа указхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэзащIэ. Абы хуагъэхьэзыра Iуэхугъуэхэм увыпIэ хэха щеубыд унэжьхэм щIэсхэр къыщIэгъэIэпхъукIыным. Мы къалэнхэр зэрагъэзащIэм республикэм и Iэтащхьэр ткIийуэ кIэлъоплъ.

КЪАТ мащIэу зэтет псэупIэхэр ухуэным, унэжьхэм цIыхухэр къыщIэгъэкIыным сом мелуан 224-рэ мин 796-рэ хухахыну Къэбэрдей-Балъкъэрым мы гъэм ита заявкэм ЖКХ-м щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэм я щIэгъэкъуэн фондым и правленэр мэкъуауэгъуэ кIуам и 10-м арэзы техъуащ.

КъБР-м ЭнергетикэмкIэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ тариф политикэмкIэ и министерствэм псэупIэ хозяйствэмкIэ и къудамэм и унафэщI Уэлджыр Лидэ зэрыжиIамкIэ, ахъшэм и процент 30-р - сом мелуан 67-рэ мин 439-р - республикэм къыIэрыхьащ. Унэхэр щаухуэну щIыпIэхэр зэпеуэкIэ къыхахащ, фэтэрхэр къэзыщэхунухэм я аукционхэр зэрекIуэкIыну тхылъхэр хьэзырщ.

Уэлджыр Лидэ къызэригъэлъэгъуамкIэ, нэгъабэ щIышылэм и 1-м ирихьэлIэу метр зэбгъузэнатIэ 42603,07-рэ хъу унэ зэтету 234-р кхъахэ хъуауэ къалъытащ.

Мы гъэм программэм республикэм и муниципальнэ щIыналъэу 10 хэтщ - Нарткъалэ, Май, Прохладнэ, Тырныауз къалэхэр, Дзэлыкъуэ, Прохладнэ, Шэрэдж районхэр, Къубэ-Тэбэ, Ерокъуэ, Терекскэ къуажэхэр.

ГУЗЕЕВЭ Индирэ.

Жылагъуэ гъащIэм жыджэру хэтыну ящогугъ

КъБР-м и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен иджыблагъэ яIущIащ «ЦIыхубэ фронт - Урысейм папщIэ» зэщIэхъееныгъэм и щIыналъэ къудамэу ди республикэм щыIэм и унафэщIхэм.

УРЫСЕЙПСО ЦIыхубэ фронтым и унафэщIхэр щыхаха зэIущIэр зэрекIуэкIам зэрыщыгъуазэр къыхигъэща нэужь, КъБР-м и Iэтащхьэм жиIащ апхуэдэ къулыкъур дзыхь зыхуащIахэр республикэм пщIэрэ щIыхьрэ щызиIэу зэрыщытыр. Къанокъуэр къытеувыIащ ЦIыхубэ фронтыр жылагъуэ гъащIэм къыщыхъу псоми жыджэру хэтыну зэрыпэплъэм. «Хуабжьу сыщогугъ мы зэщIэхъееныгъэр хэкIыпIэ нэхъыфIхэр къыщыхалъхьэ, щыхэплъэ утыку хъуну. ЦIыхубэ фронтым къегъэщIылIахэр зыхэт партхэри, я Iуэху еплъыкIэхэри зэтемыхуэ щхьэкIэ, зы щIыналъэ дыщыскIэ, псори дызэкъуэувэрэ ди къару етхьэлIэмэщ, лъахэм зыщытхуегъэужьынур», - жиIащ абы.

Урысейпсо ЦIыхубэ фронтым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и унафэщI **Канунников Анатолий** жиIащ, я къалэн нэхъыщхьэр жылагъуэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ жэрдэмхэр пхыгъэкIыныр, къэрал къулыкъущIапIэхэм ядэIэпыкъуныр зэрыарар. «УФ-м и Президент Путин Владимир къигъэува къалэнхэр зэфIэхыным иужь итхэм, КъБР-м щыIэ къэрал программэхэр зыгъэзащIэхэм зэрытхуэфIэкIкIэ защIэдгъэкъуэнущ», - къыхигъэщащ абы. АдэкIэ зэрыжиIамкIэ, Урысейпсо ЦIыхубэ фронтым парт зэмылIэужьыгъуэхэр зэкъуегъэувэ. Абы къызэщIиубыдэнущ, Iуэху еплъыкIэ зэхуэмыдэхэр яIэми, зи мурадхэр зэтехуэ цIыхухэр.

ЗэIущIэм хэтахэм къыхагъэщащ я къару псори жылагъуэр нэхъыбэу зыгъэпIейтей Iуэхухэм, псом хуэмыдэу псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм, зэрырахьэлIэнур.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, ЦIыхубэ фронтым и лэжьыгъэр щаубзыху зэIущIэ бадзэуэгъуэм и 11 - 12-хэм Москва щекIуэкIащ. Абы хэтахэм зэдэарэзыуэ Фронтым и Iэтащхьэу Путин Владимир ягъэуващ.

ЦIыхубэ фронтым и къудамэр Урысей Федерацэм и щIыналъэ 43-м къыщызэIуахыну я мурадщ. ИджыпстукIэ ар щIыпIэ 30-м къыщызэрагъэпэщащ, адрейхэр шыщхьэуIу мазэм къриубыдэу зэхашэнущ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.

Ныкъусаныгъэхэр щыкуэдщ

«Авиацэ, хьэрш промышленностхэр зэгуэгъэхьэжыным дегупсысын хуейуэ къыщIэкIынщ». УФ-м и вице-премьер Рогозин Дмитрий апхуэдэу щыжиIащ «Протон-М» ракетэр къыщIехуэхыжам и щхьэусыгъуэр зэхэзыгъэкIа комиссэм и лэжьыгъэм кърикIуахэм теухуауэ щыта зэIущIэм.

Рогозиным къелъытэ хьэршым хуэлажьэ промышленностым щIэныгъэ-техникэ и лъэныкъуэкIэ иджыри къэс иIа лъабжьэр къэтIэсхьауэ. Апхуэдэу къыщIилъытэм и щапхъи къихьащ. «Псалъэм папщIэ, США-м технологиещIэхэр хэпщэнымкIэ лэжьыгъэу 716-рэ къыхалъхьащ, дэ диIэр 132-рэщ», - жиIащ Рогозиным. А IэнатIэм мылъкушхуэ дыдэ хухах пэтми, а псори къэралым и сэбэп зыхэлъхэм, зи чэзу дыдэ Iуэхухэр зэфIэгъэкIыным трамыгъэкIуадэу жиIащ къэрал къулыкъущIэм.

Рогозиным къыхигъэщащ ракетэ-хьэрш техникэхэм я фIагъми арэзы укъызэримыщIыр. Хьэршым щылэжьэным къэралым и зыужьыныгъэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ дыдэ зэриIэм иджыри зэгу лъаригъатэри, а IэнатIэм унафэ зэрыхуащI щIыкIэми арэзы укъызэримыщIри, ахъшэ куэд дыдэ зэрытекIуадэри щIигъужащ.

Иджы егъэджакIуэхэм я деж нэсащ

Курыт школхэм щIэсхэм я фащэхэм я унафэ ящIри, Къэрал Думэр иджы яужь ихьащ егъэджакIуэхэм зэрызахуэпэн хуей щIыкIэм теухуа законопроект зэхэлъхьэным.

Абы елэжьхэм ящыщ, «Урысей зэкъуэт» партым хэт депутат Сенаторовэ Еленэ зэрыжиIамкIэ, егъэджакIуэхэм хуагъэувынущ кIэ кIэщI дыдэхэр, зи пщэр къихыIуа плIэхэр щамытIэгъэну, сэхусэплъ щызыхалъхьэкIи ирамыгъэлеину.

Абыхэм я закъуэкъым - Унагъуэм, цIыхубзхэмрэ сабийхэмрэ я IуэхухэмкIэ, егъэджэныгъэ IэнатIэмкIэ комитетым щагъэхьэзыр а дэфтэрым щагъэбелджылы щIэблэр езыгъаджэхэр, зыгъасэхэр цIыхухэм щахэткIэ зэрызаIыгъын хуей мардэхэр. Псалъэм папщIэ, абыхэм хуадэнукъым Iэдэбу щымыту, цIыхухэр ягъэпуду, кIий-гуоуэ.

Ахэр, къызэрыхагъэщщи, чэнджэщ къудейуэ аращ, апхуэдэу щытми, а хабзэхэм ебакъуэхэм зэретхьэкъуну Iэмалхэри къагупсысынущ. Псалъэм папщIэ, хабзэхэр къызэпызыуда егъэджакIуэхэр утыкум щагъэукIытэну, апхуэдэхэм я сурэтхэр пхъэбгъу «напэтеххэм» кIэраIулIэну.

А законопроектым пэрыуэгъу хуэхъухэри мащIэкъым. Псалъэм папщIэ, а парт дыдэм щыщ Разворотнев Николай къащхьэщож егъэджакIуэхэм, зэхалъхьэ хабзэм абыхэм я пщIэр ириудыхыуи къелъытэ. «ЕгъэджакIуэхэр къупхъэ гуэрми ибгъэувэн хуэмейуэ, езыхэм фIы дыдэу ящIэ зыхуэпэкIи цIыху хэтыкIи», - жиIащ депутатым.

НОБЭ

◆**Хиросимэ и махуэщ. Ядернэ Iэщэр мыдэным и дунейпсо махуэщ.** 1945 гъэм Японием и Хиросимэ къалэм США-м и кхъухьлъатэм атомнэ бомбэ щридзыхащ - дунейм щыяпэу а Iэщэ лIэужыгъуэр къигъэсэбэпащ.

◆**«Дунейм и дохутырхэр мамырыгъэм и телъхьэщ» дунейпсо махуэщ**

◆**ГъущI гъуэгум къулыкъу щызыщIэ дзэхэм я махуэщ.** 1851 гъэм шыщхьэIум и 6-м урысей пащтыхь Николай Езанэм унафэ ищIащ къэралым япэ гъущI гъуэгухэр щыукъуэдииным елэжьыну дзэхэр къызэгъэпэщыным теухуауэ. Аращ УФ-м и Президентым 2006 гъэм накъыгъэм и 31-м къыдигъэкIа унафэм лъабжьэ хуэхъуар.

◆1941 гъэм ВЛКСМ-м и обкомым унафэ ищIащ республикэм и щIалэгъуалэм ящыщу Дзэ Плъыжьым связист 400 хуагъэхьэзырыну.

◆Тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Къасым Алий** къызэралъхурэ илъэс 86-рэ ирокъу.

◆УэрэджыIакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Хьэрэдурэ Динэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 27-рэ, жэщым градус 17 - 19 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

ЛъэпкъIущыгъэ:

ХьэIуцыдз псори зэщхьу мэкъугъ.

● Улахуэхэр

Бюджет IуэхущIапIэхэм - хуэди 2,5-м нэблагъэкIэ

Иужьрей илъэситхум къриубыдэу (2008 - 2013 гъ.гъ.) Къэбэрдей-Балъкъэрым ику ит улахуэм хуэдитIым нэскIэ щыхэхъуащ икIи 2013 гъэм и япэ мазихым и кIэм ирихьэлIэу сом мин 18-м щIигъуащ.

ЗИ ГУГЪУ тщIы зэманым бюджет IуэхущIапIэхэм нэхъ псынщIэу - хуэди 2,5-м нэблагъэкIэ - улахуэм щыхэхъуащ. «Къэрал социальнэ политикэр гъэзэщIэнымкIэ лэжьыпхъэхэм я IуэхукIэ» 2012 гъэм накъыгъэм и 7-м УФ-м и Президентым къыдигъэкIа Указым зэрыщыубзыхуам хуэдэу, бюджет IэнатIэхэм (егъэджэныгъэм, узыншагъэр хъумэным, щэнхабзэм) улахуэм ику иту процент 30 - 35-кIэ щыхэхъуащ.

2013 - 2016 гъэхэм социальнэ IуэхущIапIэхэм ику ит улахуэр аргуэру хуэди 2,3-кIэ къыщаIэтынущ икIи ику иту республикэм къыщахьым нэсынущ, - къыщыджаIащ КъБР-м ЭкономикэзыужьыныгъэмкIэ и министерствэм, бжыгъэхэр я тегъэщIапIэу.

Бюджет IэнатIэхэм улахуэм зэрыщыхагъэхъуам и фIыгъэкIэ, псэун папщIэ зыхуейм нэхърэ нэхъ мащIэ фIэкIа къэзымыхь цIыхухэм я бжыгъэм кIэрыхунущ.

КЪЭРЭЩЕЙ Элеонорэ.

● Гъавэ-2013

Япэ хэгъуэр и кIэм нос

Прохладнэ муниципальнэ районым и губгъуэхэм япэ хэгъуэр и кIэм щынoблагъэ.

КУЕЙМ мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкIэ и IуэхущIапIэм и унафэщI Голубничий Сергей къызэрыджиIамкIэ, хьэцэпэцэу яIэ гектар 46612-м щыщу гектар 41182-р зэщIакъуэжащ. Ар Iуахыжын хуейм и процент 88-рэ мэхъу. Тонн 100765-рэ къыщIаIукIащ. Бжыхьэсэ гуэдзу тонн мин 64-рэ, хьэуэ тонн 31568-рэ кърахьэлIэжащ, зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу, ику иту гектарым центнер 27-рэ, центнер 225-рэ къытрахащ.

Iухыжыгъуэм къыдэкIуэу, сэхуранымрэ нартыхумрэ япщIэ, я Iэщым хуогъэтIылъэ, щIыр бжыхьэсэм хуагъэхьэзыр, нэгъуэщI губгъуэ лэжьыгъэхэри ирагъэкIуэкI.

ГЛАШКОВЭ Еленэ.

● Ерыскъы промышленность

Нэгъабэрей бжыгъэхэм щIегъу

КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм ерыскъым, ерыскъыхэкIхэм елэжь промышленностымкIэ и къудамэм къызэрыщыджаIамкIэ, республикэм и гъэш заводхэмрэ цехэмрэ мы гъэм и япэ мазихым шэ щIэмыхум къыхэщIыкIа продукцэу тонн мин 64-м нэблагъэ, кхъуейрэ кхъуейлъалъэу тонн мин 1,2-рэ къыщIагъэкIащ.

АХЭР нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ, зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу, процент 16-кIэ, процент 34-кIэ нэхъыбэщ. IэщхэкI дагъэу тонн мини 2-м щIигъу е илъэс кIуам и япэ мазихым яхуэзфIэкIам нэхърэ процент 21-кIэ нэхъыбэ ягъэхьэзыращ.

Лым щелэжь IэнатIэхэри хуэмыхуакъым. Япэ категориеу къалъытэхэри хэту, лыуэ тонн мини 5 зыхуей хуагъэзащ. Ар нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ процент 38-кIэ нэхъыбэщ. ЩIышылэ-мэкъуауэгъуэ мазэхэм нэкулъу тонн 215-рэ ягъэхьэзыращ. КъищынэмыщIауэ, нарзаныпсу нэгъабэрейм хуэдиз - литр ныкъуэ мелуан 25,8-рэ - ирагъэхъуащ, щIакхъуэхэкIыу тонн мин 14-м щIигъу ягъэжьащ.

САМЧЕНКЭ Светланэ.

● Псапэ

КъБР-м и Сабий фондым и тыгъэ

Шэджэм районым хыхьэ Щхьэлыкъуэ къуажэм щыпсэу бынунагъуэшхуэм тыгъэ хуащIащ жэм зэщIэс.

АПХУЭДЭ саугъэтыр сабии 7-м я анэ ХъутIэ Сэтэней иритащ КъБР-м и Сабий фондым и унафэщI Умэ Светланэ. Абы зэрыжиIамкIэ, Сабий фондым къыбгъэдэкIыу апхуэдэу тыгъэ зыхуащIхэм ящыщу ХъутIэхэ я унагъуэр 50-нэщ.

Жэм зэщIэсыр къащэхуащ КъБР-м и ХеящIэхэм я советым къыбгъэдэкIа мылъкумкIэ. «Республикэм и хеящIэ гупыр фондым иригъэкIуэкI псапапщIэ Iуэхухэми игъэзэщIэн хуей программэ щхьэхуэхэми сытым дежи жыджэру хэтщ», - жиIащ Умэ Светланэ.

Апхуэдэ тыгъэм щыгуфIыкIащ ХъутIэхэ я балигъхэри я сабийхэри. Иджы унагъуэм Iэмал яIэ хъуащ мэкъумэш лэжьыгъэм сабийхэр щапIыкIыну, дяпэкIэ а Iуэхум зрагъэужьынымкIи щIэдзапIэфIщ тыгъэ хуащIа жэмыр.

КIАРЭ Элинэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2013 гъэм шыщхьэуIум и 1-м къыдигъэкIа Указ №121-УГ-мкIэ къащтащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж

ИНВЕСТИЦЭХЭМКIЭ ЩЫIЭ СОВЕТЫМ ХЭТХЭР

Къанокъуэ А. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэр *(Советым и унафэщIщ)*

Марьяш И. Е. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэр *(Советым и унафэщIым и къуэдзэщ)*

Хьэсанэ Р. ТI. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIыр *(Советым и унафэщIым и къуэдзэщ)*

Чеченов А. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщIыр *(Советым и унафэщIым и къуэдзэщ, зэгурыIуауэ)*

Ажахъуэ Къ. М. - Зи жэуаплыныгъэр зэхэгъэщхьэхукIа «БУМ-БАНК» коммерцэ банкым и правленэм и унафэщIыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Коммерцэ IуэхущIапIэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэр *(«Налшык» бизнес-клуб) (зэгурыIуауэ)*

Алихановэ З. А. - Зи жэуаплыныгъэр зэхэгъэщхьэхукIа «ЩIыналъэ зэхуаку клиринг банк» коммерцэ банкым и «Налшык» къудамэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Iэщын С. А. - Къэрал мылъкур зехьэнымкIэ федеральнэ агентствэм и ЩIыналъэ управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Iэщын С. В. - «Полимер къабзэхэр къыщыщIагъэкI «Этана» завод» зи жэуаплыныгъэр зэхэгъэщхьэхукIа IуэхущIапIэм и генеральнэ директорыр *(зэгурыIуауэ)*

Быф Р. Ж. - Федеральнэ налог къулыкъущIапIэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Жэмыкъуэ А. М. - ЩIыр къэралым итхынымкIэ, кадастрымкIэ, картографиемкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Къаздэхъу А. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министрыр

Къуэшырокъуэ З. Къ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэр

КIэрэф М. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкIэ и министрыр

Кузнецов В. М. - «Кавказкабель» кабель завод» акционер обществэ зэхуэщIам и генеральнэ директорыр *(зэгурыIуауэ)*

Мамий А. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэныгъэмрэ архитектурэмкIэ и министрыр

Лыхь З. А. - «Урысей мэкъумэш банк» акционер обществэ зэIухам и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Мусуков А. ТI. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министрыр *(Советым и секретарщ)*

Пархоменкэ Ю. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и хьэрычэтыщIэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ Уполномоченнэм, «Iуэху щызэфIагъэкI Урысей» Урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и советым и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Пономаренкэ Р. Н. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымрэ сатумкIэ и министрыр

Рыжиков А. В. - «Москва и индустриальнэ банк» акционер обществэ зэIухам Налшык къалэм щиIэ къудамэм и управляющэр *(зэгурыIуауэ)*

ЛIэужь А. Б. - «Тэрч налмэс» акционер обществэ зэIухам и генеральнэ директорыр *(зэгурыIуауэ)*

Тонконог А. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэрал мылъкумрэ щIы IуэхухэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэр

Урысбий Хь. Хь. - «Урысейм и Ахъшэ хъумапIэ банк» акционер обществэ зэIухам и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэ №8631-м и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

IутIыж А. З. - «Дыщэ щхьэмыж» мэкъумэш IуэхущIапIэ» зи жэуаплыныгъэр зэхэгъэщхьэхукIа обществэм и генеральнэ директорыр *(зэгурыIуауэ)*

Чочаев А. М. - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Инвестицэхэмрэ зыужьыныгъэмкIэ и агентствэ» акционер обществэ зэIухам и генеральнэ директорыр *(зэгурыIуауэ)*

Эндреев Б. А. - Зи жэуаплыныгъэр зэхэгъэщхьэхукIа «Налшык» банкым и правленэм и унафэщIыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Банкхэмрэ страховщикхэмрэ я зэгухьэныгъэм и президентыр *(зэгурыIуауэ)*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2013 гъэм шыщхьэуIум и 1-м къыдигъэкIа Унафэ №94-РГ-мкIэ къащтащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэралыгъуэм и махуэр гъэлъэпIэным зыхуэгъэхьэзырынымрэ ар егъэкIуэкIынымрэ елэжьыну

КЪЫЗЭГЪЭПЭЩАКIУЭ КОМИТЕТЫМ ХЭТХЭР

Хьэсанэ Р. ТI. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIыр *(къызэгъэпэщакIуэ комитетым и унафэщIщ)*

АфIэунэ А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм спортымрэ туризмэмкIэ и министрыр

Васильев С. В. - къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэр *(зэгурыIуауэ)*

Вербицкий А. И. - Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэм и аппаратым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къегъэщIылIа и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэр *(зэгурыIуауэ)*

Власов А. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщIым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм къэрал къулыкъум, кадрхэм, щIыпIэ унафэр зегъэкIуэным я IуэхухэмкIэ и управленэм и унафэщIыр

Жаным Р. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Къаздэхъу А. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министрыр

Къалэ З. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ и Iуэхухэр зэкIэлъызыгъакIуэр

КIэрэф М. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкIэ и министрыр

Кладько И. Е. - Налшык къалэ округым и щIыпIэ администрацэм и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэр *(зэгурыIуауэ)*

Къуэдзокъуэ М. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэр

Крецкий Е. Н. - Прохладнэ къалэ округым и щIыпIэ администрацэм и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэр *(зэгурыIуауэ)*

Къумахуэ М. Л. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэмкIэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкIэ и министрыр

Мамий А. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэныгъэмрэ архитектурэмкIэ и министрыр

Марьяш И. Е. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэр

Мусуков А. ТI. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министрыр

Пэнагуэ А. А. - Тэрч муниципальнэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Пономаренкэ Р. Н. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымрэ сатумкIэ и министрыр

Семэн П. Г. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрыр

Темиржанов М. О. - Шэрэдж муниципальнэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Тюбеев А. И. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министрыр

Уянаев К. Хь.-М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэр

Фырэ Р. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ и министрыр

Шэт И. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэнымрэ курортхэмкIэ и министрыр

● ПэкIухэр

ЗыгъэпIейтейхэр къыщаIуатэ

Налшык и Искож хьэблэм щыIэ «Родина» кинотеатрым и гупэм деж бадзэуэгъуэм и 27-м пэкIу щызэхэтащ. Ар къызэрагъэпэщащ УФ-м и коммунист партым и республикэ комитетымрэ «Зауэм и щIэблэхэр» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэмрэ.

«ЗАУЭМ и щIэблэхэр» ООО-м и щIыналъэ организацэм и правленэм и унафэщI Щэуей Мидэ къыхилъхьэри, ар къызэIуихащ КПРФ-м и рескомым и япэ секретарь Пащты Борис.

- Мы зэIущIэр Урысейм и политикэ гъащIэм и тхыдэм мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэу хыхьэнущ. Сыту жыпIэмэ, УФ-м и Правительствэмрэ иджырей властымрэ ирагъэкIуэкI политикэмкIэ мыарэзыуэ, ди партым и Комитет нэхъыщхьэм и къыхуеджэныгъэкIэ, къэралым и коммунист псори нобэ уэрамхэм къыдыхьащ. Медицинэм, щIэныгъэм я IэнатIэхэр зэтощахэ, щIалэгъуалэм я пщэдейр зэIумыбзщ, цIыхухэр я псэупIэхэм къыщIаху, ЖКХ-м и Iуэхутхьэбзэхэм я уасэм хэхъуэ зэпытщ, пенсэхэр мыхьэнэншэщ, зи сабиигъуэр зауэ лыгъэм илыпщIахэм гулъытэ ягъуэтыркъым. Властым жиIэмрэ ищIэмрэ зэрызэтемыхуэм цIыхухэр егъэгубжь. Ахэр щIохъуэпс захуагъэ здэщыIэ, пэжыр щытепщэ къэрал лъэщ щыпсэуну, - жиIащ Пащты Борис. - Мы щIыпIэр ауэ сытми къыхэтхакъым, «Родина» кинотеатрым и гупэм деж дыщызэхуэсащ дызыхэт гугъуехьхэр зэхуэтIуэтэну, щысхьыншэу зэхафыщIэ ди Хэкум и къэкIуэнум, дяпэкIэ ди псэукIэ хъунум дрипIейтейуэ. Республикэм и коммунистхэм дыдоIыгъ УФ-м и Правительствэр трагъэкIын папщIэ, цIыхухэм я IэщIэдзэхэр зэхуэхьэсыным теухуауэ ди Комитет нэхъыщхьэм къыхилъхьар. Нобэ ирихьэлIэу а тхылъым минитIым щIигъум арэзыуэ Iэ щIадзащ. Мыкоммунистхэри мы Iуэхум жыджэру хэтщ.

И пэублэ псалъэм и ужькIэ рескомым и япэ секретарыр къызэхуэсахэм къахуеджащ КПРФ-м и ЦК-м и Президиумым цIыхухэм Зэрызахуигъазэм.

Урысейм щытыкIэр щызэщIэплъэ зэпытщ. Властыр зыIэщIыхьахэм, къулыкъукIэ зэхъуажэурэ, 1992 гъэ лъандэрэ цIыхубэр тхьэмыщкIагъэм, къэралыр социально-экономикэ кризис хьэлъэм хуашэ. Урысей къэралыгъуэм и лъэр щIауд, ар лъэлъэжынкIэ шынагъуэ щыIэщ.

Абы къыхэкIыу, Урысей Федерацэм и Компартым Къэрал Думэм щиIэ фракцэм УФ-м и Правительствэм дзыхь зэрыхуимыщIым теухуа Iуэхугъуэ къыхилъхьэну и мурадщ. «Правительствэр текIын щIыхуейм и щхьэусыгъуипщI» жаIэу Къэрал Думэм и депутат зыбжанэм ягъэхьэзыра Зэрызыхуагъазэр жылагъуэм я деж щызэлъащIысащ. Абы пэжу икIи зэпкърыхауэ щыгъэбелджылащ Урысейр щыхупIэм хуэзыша властым и къуаншагъэхэр. А тхылъым иджыри властым зи дзыхь езыгъэз цIыху мелуанхэм IупщI ящещI нобэ ирагъэкIуэкI политикэ шынагъуэр зыхуэдэр, ди Хэкум и хъугъуэфIыгъуэ гъэтIылъыгъэхэм КъуэкIыпIэр зэрыхагъэджэгухьыр.

КПРФ-м и мурадыр бэм я деж нэфхьэсын папщIэ, хъыбарегъащIэ Iэмалхэр, Интернетыр, ди депутатхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я зэIущIэхэр я лъабжьэу, партым и къудамэ псоми фи зэфIэкIыр къэвгъэсэбэпыну фыкъыхудоджэ. Ар мы мазэ гъунэгъухэм мыхьэнэшхуэ зиIэ ди политикэ къалэнщ, - щыжеIэ компартым и ЦК-м и Президиумым цIыхухэм Зэрызахуигъазэм. Къызэхуэсахэм зэдэарэзыуэ ар къащтащ.

ПэкIур езыгъэкIуэкIа, «Зауэм и щIэблэхэр» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщI Щэуей Мидэ зэпкърыхауэ къытеувыIащ зи сабиигъуэр Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэ хьэлъэм хиубыдахэм я псэукIэр зыхуэдэм, ахэр нобэ зыгъэпIейтейхэмрэ я гукъеуэхэмрэ.

- Дэ, зауэм и бынхэр, коммунистхэм, дызэхэзыщIыкI нэхъыжьыфIхэм дащIыгъуу нобэрей зэIущIэм дыхэтщ. ДыщIызэхуэсар Урысейм и властхэм гулъытэншэ дызэращIырщ. УФ-м и Президентым, Правительствэм, «Урысей зэкъуэт» партым и депутатхэм захудогъазэ зауэм и щIэблэхэм я статусым теухуауэ коммунистхэм ягъэхьэзыра законопроектым Къэрал Думэр щыхэплъэкIэ зэран мыхъунхэу. Сыту жыпIэмэ, а лъэхъэнэ гугъум халъхуахэр жэщ-махуэ ямыIэу фронтым хуэлэжьащ, зэрыпхъуакIуэхэм зэхакъута цIыхубэ хозяйствэр зэфIэгъэувэжыным я гуащIэшхуэ халъхьащ. IэнатIэмрэ еджэнымрэ здахьурэ, лъагапIэ ин дыдэхэм куэдыр нэсыфащ. Ахэращ промышленностыр къэзыIэтар, ди хэкур лъэщ, быдэ зыщIар. ЩIэпсэуари зыхуэпсэуари ди пщэдейрщ, ди къэкIуэнурщ. Ауэ, къэралыр зыкъутэжахэм я зэранкIэ, псори кIуэдыжащ, фIыщIи, щытхъуи, гъащIэ тэмэми ямыIэжу къызэхэнащ,- къыхигъэщащ къэпсэлъам. - Апхуэдизу Хэкум хуэлэжьахэр лей хъуауэ, я щхьэр зэрахьэ, бампIэм икIуэдыкIхэри мащIэкъым. Мис аращ нобэ дыкъызэрызэхэнамрэ дызыхуаша псэукIэмрэ зыхуэдэм икIэм-икIэжым властхэм гу лъатэн хуейуэ къыщIэдгъэувыр.

Щэуей Мидэ къеджащ зауэм и щIэблэхэм федеральнэ статус етыным, теухуауэ коммунистхэм ягъэхьэзыра законопроектыр зэрыдаIыгъ Зэрызыхуагъазэм. Абы мыпхуэдэу итщ: «Дэ, пэкIум хэтхэм, пэжагъымрэ захуагъэмрэ я телъхьэ псоми хуэдэу, УФ-м и Президентым, Правительствэм, «Урысей зэкъуэт» партым Къэрал Думэм щиIэ фракцэм щыщхэм яхудогъэув зауэм и щIэблэхэм федеральнэ статус етыным, «Ветеранхэм я IуэхукIэ» ФЗ-м и 2-нэ, 20-нэ статьяхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ коммунистхэм ягъэхьэзыра законопроектым нэхъ пасэу хэплъэну, апхуэдэу зауэм и бынхэм социальнэу защIэгъэкъуэным хуэунэтIауэ къэдгъэувхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм, республикэм и Парламентымрэ Правительствэмрэ къыддащтэну. Дэ къыдгурыIуэркъым зи сабиигъуэр зауэ лъэхъэнэ хьэлъэм хиубыдахэр, абы и хьэзаб псори зышэчахэр лей щIэхъуар. Зи къэжэпхъыгъуэр лIэщIыгъуэ кIуам и 30 - 40 гъэхэм хиубыдахэм гъейри, мэжэщIалIагъэри, уаери, шэкъэуэжхэри, зеиншагъэри ягъэунэхуащ. ЩIэныгъэм хуэнэхъуеиншэти, лэжьыгъэм и нэхъ гугъури еджэнри зэдахьащ, ехъулIэныгъэ инхэр зыIэрагъэхьащ. А зэман хьэлъэм халъхуахэрщ промышленностыр къэзыIэтыжу ди хэкур лъэщ, быдэ, бийр зыфIэлIыкI, щIэныгъэм, гъуазджэм, спортым щыпэрыт зыщIар, апхуэдэу республикэм зезыгъэузэщIар. Загъэпсэхуну щытIысыжам я Iуэхур Iеякъым, хуагъэува пенсэм хъарзынэу ирикъурт. Ауэ зэблэкIыгъуэ зэманым хуэзэу пенсэм кIуахэр губгъуэм къинащ, хэкур апхуэдизу зыхуэныкъуэу щытахэр лей дыдэ хъуащ. Къыхуаший сом бжыгъэр зыщIыпIи нэсыркъым. Дэ хэкъузауэ долъэIу зауэм и бынхэм я социальнэ статусым и Iуэхум республикэм и Парламентым и зэIущIэм щыхэплъэну икIи зыхуэфащэ унафэ къыщащтэну. Зауэм и щIэблэхэр федеральнэ льготэ зиIэхэм я реестрым хагъэхьэн папщIэ, «Ветеранхэм я IуэхукIэ» ФЗ-м и 2-нэ, 20-нэ статьяхэм зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэну игъуэ хъуащ. Иджыпсту унафэр зыIэщIэлъхэм дызыхащIыкIыну дыщогугъ». Къызэхуэсахэм Зэрызыхуагъазэр зэдэарэзыуэ къащтащ.

Апхуэдэу пэкIум къыщаIэта Iуэхугъуэхэр диIыгъыу къэпсэлъащ икIи я Зэрызыхуагъазэм къеджащ ЩIэныгъэлIхэм я урысей обществэм (социальнэ унэтIыныгъэ зиIэм) и щIыналъэ къудамэм и лIыкIуэ Асанов Виктор, нэгъуэщIхэри.

ПэкIум хэтахэм къыхагъэщащ пэжыр пхагъэкIын, цIыхухэм псэукIэ тэмэм яIэн папщIэ, нэхъри зэкъуэувэн, хабзэм къемызэгъ, хуитыныгъэр къызэпызыуд ныкъусаныгъэхэм ткIийуэ пэщIэтын зэрыхуейр, дяпэкIи абы зэрыхущIэкъунур.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

● Гуэгухэр

Километр 11, сантиметр 11

КъБР-м ТранспортымкIэ, связымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министерствэм и комиссэм Нартсанэ - Нарзаныпсхэм я Ауз - Псы хущхъуэ - Iуащхьэмахуэ автомобиль гъуэгур зэраухуэр къипщытащ. Нобэ ирихьэлIэу километр 11-м щIигъур и кIэм нагъэсащ.

ЛЭЖЬЫГЪЭМ и фIагъым, пкъыгъуэ нэхъыщхьэхэм я щытыкIэм еплъащ, къахута ныкъусаныгъэ мащIэхэр ягъэзэкIуэжынурэ, шыщхьэуIум и пэщIэдзэм гъуэгущIэр ятынущ.

«Главдорстрой» ООО подряд организацэм километр 31-м асфальт трилъхьащ. Мы зэманым адрей щIыпIэхэм я лъабжьэр ягъэхьэзыр. Километр 29,5-рэ зи кIыхьагъ гъуэгур щиух Iыхьэм техникэ зэмылIэужьыгъуэу 23-рэ къыщагъэсэбэп, мывэкIэщхъыр сантиметр 11, асфальт-бетон зэхэлъри апхуэдиз я Iувагъыу тIуащIэу тралъхьэ.

А гъуэгу Iыхьэр мы гъэм и еплIанэ кварталым ятыну я мурадщ.

КЪУМЫКЪУ Мадинэ.

● Гулъытэ

НыбжьыщIэ минихым нэблагъэм ядоIэпыкъу

ХуэмыщIауэ псэу унагъуэхэм щыщ сабийхэм гъэ еджэгъуэщIэм ирихьэлIэу мылъкукIэ зыщIагъэкъуэнущ, зи школ кIуэгъуэ дэтхэнэми сом минитI хуэзэу.

КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм и хъыбарегъащIэ-аналитикэ департаментым и унафэщI Бекиевэ Ларисэ зэрыжиIамкIэ, апхуэдэ гулъытэ хуащIынущ къэрал дэIэпыкъуныгъэ хуэныкъуэ школакIуэ 5.904-м.

Хабзэ зэрыхъуауэ, илъэс къэс республикэм щокIуэкI сабийхэм защIэгъэкъуэным теухуа щэбэт щIыхьэху. Абы къыщалэжьа ахъшэрщ мы Iуэхум трагъэкIуэдэнури. Бекиевэм зэрыжиIамкIэ, мы гъэм апхуэдэ щIыхьэхум хэтащ IуэхущIапIэ 896-рэ, абы и фондым я мылъку халъхьащ республикэм щыщ цIыху мин 91.417-м. 2013 гъэм и бадзэуэгъуэм и 15-м къызэрабжамкIэ, щэбэт щIыхьэхум и фондым илъыр сом мин 11.367,5-рэ мэхъу.

РЯБКОВЭ Ольгэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм фIагъ и лъэныкъуэкIэ и саугъэтыр къэхьыным теухуауэ илъэс къэс ирагъэкIуэкI зэпеуэм «Дыщэ щхьэмыж» агроконцерныр жыджэру хэтщ. Мыгъэрейр «Урысейм и хьэпшып нэхъыфIу 100» программэм и урысейпсо зэхьэзэхуэм и 16-нэ щIыналъэ Iыхьэщ.

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Кхъуейр къыхыдох

ЗЭРАУБЗЫХУАМ тету, Къэбэрдей-Балъкъэрым и бизнес-инкубаторым и гъэлъэгъуапIэ пэшым бадзэуэгъуэм и 17-м щIыналъэ Iыхьэм хыхьа IуэхущIапIэхэм я IэдакъэщIэкIхэм я выставкэ зыубгъуа къыщызэрагъэпэщащ. «Дыщэ щхьэмыж» агроконцерным и цIэкIэ абы хэтащ «Шэ щIэмыхум щелэжь «Налшык» комбинат» ООО-р икIи и гъэшхэкI зэмылIэужьыгъуэхэр щигъэлъэгъуащ. Хэхауэ хэIущIыIу ищIащ шэжыпсым хэлъу зэрахьэ «Кабардинка» кхъуей плъыжь гъэгъуар. Ар куэд щIауэ Кавказым къыщагъэсэбэп Iэмалым тету, шэ щIэмыхум къыхащIыкI, белоккIэ, кальцийкIэ, витаминхэмрэ аминокислотахэмкIэ къулейщ, къарурэ къэуатрэ зыщIэлъ ерыскъы гъуэзэджэщ. Гъэлъэгъуэныгъэм еплъахэм «Дыщэ щхьэмыж» агроконцерным и IэдакъэщIэкIхэм я ефIэкIыныгъэм дихьэхыу зыхагъэгъуэзащ. ЩIыналъэ комиссэм продукцэр зыхуэдэр лъэныкъуэ куэдкIэ зэщхьэщыхауэ къепщытэ. Абы кърикIуам ипкъ иткIэ, КъБР-м и Iэтащхьэм и саугъэтыр текIуахэм хуагъэфэщэнущ, «Урысейм и хьэпшып нэхъыфIу 100» программэм и Урысейпсо зэпеуэм и кIэух Iыхьэм ягъэкIуэнухэр къыхахынущ. Ар «Къабзагъэр, шынагъуэншагъэр, фIагъыр зэманым игъэунэхуа унэтIыныгъэщ» къыхуеджэныгъэм щIэту екIуэкIынущ.

ХЬЭВЭЯЩХЬЭ Заринэ.

●КъБР-м щыIэ УФСБ-м къет

Iулъхьэ къыIихыу яубыдащ

Урысейм ЩэхуакIуэм и хуитыныгъэхэр хъумэнымрэ цIыхум псэукIэ тэмэм къыхузэгъэпэщынымкIэ кIэлъыплъынымкIэ и федеральнэ къулыкъум и IуэхущIапIэу КъБР-м щыIэм и унафэщIхэм ящыщ зы Iулъхьэ къыIихыу яубыдащ.

ХУЭМЫЩIА, социальнэу къызэмыгъэпэща унагъуэхэм я сабийхэм гъэмахуэм зыщагъэпсэху, я узыншагъэр щрагъэфIакIуэ лагерхэм зи чэзу сменэр къызэIуахын папщIэ, щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр яхуищIурэ, Роспотребнадзорым КъБР-м щиIэ лIыкIуэм ахъшэ къазэрыIихым теухуа хъыбар нэхъапэIуэкIэ мызэ-мытIэу къаIэрыхьащ. Iуэхур щызэхагъэкIым хабзэхъумэхэм зэхуахьэсащ а къулыкъущIэм ахъшэ къызэрыIихым щыхьэт техъуэхэр.

Яубыдам зэхищIыхьахэр республикэм и сабийхэм я узыншагъэр щрагъэфIакIуэ и IуэхущIапIэхэм я санитар-эпидемиологие щытыкIэм зэран хуэхъункIэ, абыхэм я гъэсэнхэм я узыншагъэм лей къытехьэным хуишэнкIэ хъуну зэрыщытар къыхэгъэщыпхъэщ.

Сом мелуаниплIым нэблагъэ

Илъэс зыбжанэкIэ муниципальнэ унитар IуэхущIапIэхэм ящыщ зым и ахъшэ зыкIэщIэзыупщIа цIыху гупым ятеухуа уголовнэ Iуэху Урысей ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыIэм къиIэтащ.

УРЫСЕЙ ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыIэм «Цветущий сад» (Прохладнэ къ.) муниципальнэ унитар IуэхущIапIэм и унафэщIымрэ и бухгалтер нэхъыжьымрэ Урысей Федерацэм и Уголовнэ кодексым и 160-нэ статьям и 4-нэ Iыхьэм къыщыгъэлъэгъуа щIэпхъаджагъэр зэралэжьам къыхэкIыу уголовнэ Iуэху къиIэтащ.

МатериалхэмкъазэрыхэщымкIэ, унафэщIхэм я къулыкъур къагъэсэбэпу икIи дзыхь хуащIа мылъкур къадыгъун мурадкIэ, предприятэм иригъэкIуэкI лэжьыгъэм текIуэдахэр япшынын хуэдэу ахъшэ къазэрыIэрыхьэн кассэ ордерхэр ятхащ. ИужькIэ, я лэжьакIуэхэм я цIэкIэ зыIэрагъэхьа ахъшэм щыщ Iыхьэр зыкIэщIаупщIэурэ, езыхэр зэрыхуейуэ къагъэсэбэпащ.

КъызэралъытэмкIэ, ягъэкъуаншэхэм муниципальнэ унитар IуэхущIапIэм сом 3865382,52-рэ хэщIыныгъэу иратащ.

Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм и пресс-IуэхущIапIэ.

● ТхылъыщIэ

Урысей Федерацэм и цIыхубэ, Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и сурэтыщI Кьат Теувэж и зэфIэкIыр тхэмни къыщегъэлъагъуэ. ЩIалъхуа жылэм, и къуажэгъуэхэм, и нэгу щIэкIа къэхъукъащIэхэм итеухуащ тхылъыщIэм щызэхуэхьэса абы и тхыгъэхэр.

● Iуэху дызыгъэпIейтей

Адыгэшым и гъуэгуанэ дахэр

Си шы къарапцIэу пцIащхъуэу щIэльэтым
Ди губгъуэ куэщIыр уи зэ ичыгъуэщ.
Уэ уи лъэ макъыу тхыдэм къыщыджэр
ЛIыгъэ макъамэм и джэрпэджэжи!
СОНЭ Абдулчэрим

Адыгэм и блэкIари и нобэри зыгъэдахэ, зыгъэтынш гъусэ пэжхэм ящыщщ адыгэшыр. МыхьэнэкIэ шыр къуэшым пэзыщI анэдэлъхубзэми къегъэлъагъуэ ар. «АдыгэлIрэ лIы бэшэчрэ», «ШыфIыр лIыгъэм и ныкъуэщ», - тхыдэм и кIыхьагъкIэ зи бзэр мыпсалъэ псэущхьэ Iущым щытхъуу зэхуихьэсахэм я кIэм унэплъыскъым. Лъэпкъ куэди щыIэ къыщIэкIынкъым и IуэрыIуатэр шым теухуа хъыбаркIэ, шууейхэм зэрахьа лIыгъэкIэ мыкъулейуэ. Гум зэпхедз КъурIэн лъапIэм «хъуаскIэ къыщIезыгъэх шы лъэгухэм» я цIэкIэ иIэт тхьэрыIуэр. «Iуэху щхьэпэм хэт шым пщIэ хуэзымыщIым фэрыщIагъым и зы Iыхьэ бгъэдэлъщ», - жиIауэ къаIуэтэж езы Бегъымбар лъапIэми. Апхуэдэ лъагагърэ лъапIагърэ зиIэ псэущхьэм ди лъэпкъыцIэ зэрихьэныр, адыгэш жыхуаIэжыр тхыдэм и кIыхьагъкIи и бгъуагъкIи «къэбэрдей» фIэщыгъэмкIэ къыхэлыдыкIыу хэтыныр, дауи, ди фIыгъэ хэмыльми, дызыгъэгушхуэ фIыгъуэщ.
Газет тхыгъэм и къалэныр Iуэхур Iуэху щIынраши, дыщогугъ дызыщыгъуазэр зэрымащIэм нэхъыбэ зыщIэм и гумызагъагъыр къигъэхъейуэ, шы гъэхъуным и лъэныкъуэкIэ фIы нэхъыбэ къытпыкъуэкIыну.
ФIыщIэшхуэ яхудощI мы тхыгъэм зи Iэдакъэщ IэкIхэр къыщыдгъэсэбэпа щIэныгъэлIхэм:
Ашэбокъуэ Леонид, КъБР-м щIыхь зиIэ и щIэныгъэрылажьэ, мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктор, Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш университетым и профессор («Адыгэ уанэшхэмрэ иджырей шы гъэхъукIэмрэ»).
Къагъырмэс Црай, мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктор, РАЕН-м и академик, Адыгэш лъэпкъыр хъумэнымкIэ зэгухьэныгъэм и унафэщI (тхыгъэ къыхэхахэр).



Къэбэрдеишым и къежьапIэр

ЛЪЭПКЪ къэс езыри иригушхуэу иIэщ а зым фIэкIа дамылъагъу гуэр. Апхуэдэщ адыгэхэм ди дежкIэ шыр. Иужьрей зэманым къэбэрдеишым хуащI гулъытэр кIуэ пэтми нэхъ ин мэхъу, ди къэралми къыщымынэу - Европэм. Уеблэмэ мыбыи шым сыт хуиIуэху зыхужыпIэн куэд, IэщIагъэкIи щIэныгъэкIи шым емыпхауэ, абы и тхыдэми и щытыкIэми щыщIэупщIэр мащIэкъым.

«Къэбэрдейр» (шым и цIэр) XVI лIэщIыгъуэм къыщожьэ, ауэ и дахэгъуэм ди лъэпкъышыр щынэсар XVII лIэщIыгъуэращ. Тхыдэ кIыхь къызэринэкIам и кIуэцIкIэ къэбэрдеишым зыIэтыгъуи къепсыхыжыгъуи иIащ, цIыхум къылъыс лъэпощхьэпохэр дигуэшу.

Адыгэхэм я тхыдэ жыжьэр домбеякъым и лъэхъэнэ кIасэмрэ гъущIым и лъэхъэнэ пасэмрэ нос. А зэманым къыщIэна Iэмэпсымэхэр щыхьэт тохъуэ лъэпкъыр нэхъыбэу Iэщ зехуэнымрэ мэкъумэшымрэ зэрыхэпсэукIар, шы ягъэхъуу зэрыщытам и лъэужьхэри наIуэщ. Къармэхьэблэрэ Зеикъуэрэ деж шы кхъэлъахэхэр къыщагъуэтыжащ, ирахьэлIэ Iэпслъэпсхэр ящIыгъуу. Крупнов Евгенийрэ Алексеевэ Еленэрэ къызэралъытэмкIэ, домбеякъым и лъэхъэнэм, «ди эрэр ипэкIэ VIII - VII лIэщIыгъуэхэм хуозэ къыщыхъуа щIыпIэм кууэ епха къэбэрдеиш цIэрыIуэм» и тхыдэр.

Къэбэрдеишыр адыгэ?

КАВКАЗ зауэм хэта урыс генерал Броневский Семён зэритхымкIэ, «Адыгэш лъэпкъыр хьэрып хакIуэхэмрэ адыгэ шыбзхэмрэ я щIэблэщ». Виноградовэ Валентинэ, илъэс куэдкIэ шы спортым хэта белорус шуейм бзылъхугъэм, жеIэ: «Дуней псом шы лъэпкъыфIу тетым я зыужьыныгъэм хьэрыпышхэм я фIыгъэу хэлъыр нэгъуэщI зы шы лъэпкъми пхуэгъэдэнукъым. Ар ди эрэм и VII, VIII лIэщIыгъуэхэм хуозэ. Ислъамыр Африкэм, Испанием лъагъэIэсын мурадкIэ зекIуэ кIуэ хьэрып шууейхэр зытесхэр куэдкIэ нэхъыфIт, ахэр зэрыхьа щIыпIэхэм щызэрахуэхэм нэхърэ. Абы къыхэкIыу хьэрыпышхэр а щIыпIэхэм щыщ шы лъэпкъхэр ирагъэфIэкIуэн папщIэ къагъэсэбэпу щIадзащ, а Iуэхур нобэр къыздэсым зэпыуакъым».

Хьэрыпыш къабзэр шы лъэпкъ псори ефIэкIуэным папщIэ къагъэсэбэпу зэрыщытам 1913 гъэм Шым теухуа Урысейпсо съездым Войцехович Александр дахэу щытепсэлъыхьащ: «Шы лъэпкъ къабзэхэр пхъэIэщэ зэмыIуса щIыгулъщ. Абы къэгъазэ имыIэу щыбэтэну жылэр - зы лъы закъуэщ, зэи зыхалъхьар зэхимыгъэзэрыхьауэ. Сыт хуэдэ зэмани а лъэныкъуэмкIэ къагъэсэбэпу щытар хьэрып шы лъэпкъращ».

Буденный Семён маршалым и унафэкIэ къэбэрдеишым теухуауэ ятха лэжьыгъэм къыхощ абы и къэхъукIэм тыркумэн, карабах, хьэрып, нэгъуей шы лъэпкъхэр хэтауэ.

Костонянц Рубен «Къэбэрдей шы лъэпкъыр къалмыкъ, нэгъуей шыбзхэмрэ къуэкIыпIэмкIэ къикIа хакIуэхэмрэ къатехъукIауэ» ебж. Поджидаев Владимир и еплъыкIэри абы пэгъунэгъущ: «Къэбэрдеишыр хамэ щIыпIэ къикIащ». Ауэ ЗэфIэс Айдемыр зэритхымкIэ: «Къэбэрдеишыр гуартэм нэхъ лъэрызехьэхэр къыхахыурэ зэрефIэкIуам къыхэщхьэхукIа шы лъэпкъщ». Постников Геннадийрэ Бенуа Александррэ дыщIагъуж: «Къэбэрдеишыр къуэкIыпIэмкIэ къикIа лъэпкъышхэр къахыхьэурэ Къэбэрдейм и дахэгъуэм, XVI лIэщIыгъуэм и кIэм - XVII и пэщIэдзэм, къыхэхъукIащ». АбыкIэ арэзыкъым Къумыкъу Тыгъуэнрэ Хъубий Баширрэ: адыгэшым къуэкIыпIэ лъэпкъышхэр къыхэIэбауэ убжыныр щыуагъэщ, XVI лIэщIыгъуэм абы и пщIэр жыжьэ IуакIэт.

Иужьрей гупсысэм и щыхьэту мамлюк сулътIан Инал теухуа тхыдэ лэжьыгъэхэм ущрохьэлIэ: «Ар ерыщт Кавказым ис и лъэпкъэгъухэр зэришэлIэнымкIэ, къишахэм я бжыгъэр шууей мин 40-м нэсат».

Къэбэрдеишым и къежьапIэр куэдым тенджыз ФIыцIэ Iуфэм ирапх. Беляев профессорым зэрыжиIэмкIэ, нэхъ пасэу къыхэхъукIа къэбэрдеиш лъэпкъхэр «щолэхъумрэ» «трамэмрэщ». «Щолэхъум» теухуауэ абы шыпсэхуэкIуэ хъыбар гъэщIэгъуэн къеIуатэ: къэбэрдей гуэрым тенджыз ФIыцIэ Iуфэм шы щигъэхъуу щытти, абы хакIуэ мыгъасэ гуэр къахэзэрыхьащ, зэман дэкIыу дунейм къытехьа шыщIэращ «щолэхъу» шы лъэпкъым къежьапIэ хуэхъуар. Беляевым зэрыжиIэмкIэ, «щолэхъур» теплъэкIэ хьэрыпышым ещхьщ: абы и щхьэр гъурщ, и тхьэкIумэхэр цIыкIущ, и нэхэм «хъуаскIэ» къыщIех, нэбжьыцхэр кIырщ, цыр пIащIэщ, щабэщ, шыбгъэр бгъуэщ. Шы Iэпкълъэпкъыр и кIыхьагъкIэ захуэщ, и лъэгур быдэщ. Беляевым жиIэм тохьэ шыхъуэ цIэрыIуэ Балакшин Ольгэ и еплъыкIэри. Хъыбарыжьхэр и тегъэщIапIэу, щIэныгъэлIым «къэбэрдеишыр IуэрыIуатэм къыхэщ Андемыркъан Къэбэрдейм къиша хьэрып хакIуэм къытехъукIауэ» жеIэ. Балакшиным къызэрилъытэмкIэ, къэбэрдеишым XVI лIэщIыгъуэр и татуугъуэу щытами, абы и щытыкIэр пасэу къызэфIэуващ: хэти щыгъуазэщ къэбэрдейхэм хьэж ящIауэ Мэчэм къыщикIыжкIэ Кавказым Хьэрып щIыналъэмрэ Сириемрэ къырашурэ шы къыздашэу зэрыщытар. Апхуэдэ щIыкIэу къэбэрдеишым къуэкIыпIэш теплъэ игъуэтащ.

Балабановри арэзыщ къэбэрдеишыр апхуэдэ щIыкIэкIэ къызэрыхэхъукIамкIэ, ауэ абы «къэбэрдейм» монгол шы лъэпкъхэм яжь къыщIихуауэ къелъытэ. Мишинымрэ Драгалевымрэ къызэралъытэмкIэ, пэжщ, Азие ЦIыкIум щыщ шыхэм ящыщи хэтащ къэбэрдеиш лъэпкъым и къыхэхъукIыкIэм, «хьэрыпхэмрэ» «къэжэрхэмрэ» зэрыхэтам хуэдэу, ауэ ар езыр-езыру къэхъуа Iуэхуу пхужыIэнукъым - хэдэрыхэх узыншэм къихьа зыужьыныгъэщ. Адыгэшым нэгъуей шы лъэпкъым илъ хэту къэзылъытэхэм ящыщщ Федотов Пётр, Красников Александр сымэ. Ауэ тхыдэдж Мердер Иван жеIэ: «Адыгэш нэсыр хьэрыпышымрэ бгырысхэм зэрахуэхэмрэ зэхыхьэкIэрэ къэхъуащ: ар къаруушIэщ, жыджэрщ, мафIэ кIуэцIылъщ, хахуэщ, набдзэгубдзаплъэщ, къуакIэбгыкIэхэм нэхъ къыщысэбэпращи - я лъакъуэхэр быдэщ. КъищынэмыщIауэ, ар икIи тхьэкIумафIэщ: жэщым я нэхъ кIыфIым уи псэм утемышыныхьу ушэс хъунущ зыщIыпIэ деж ехуэхынщ е лъагъуэ зэвым ирикIуэфынкъым жумыIэу. Шууей гъуэщам и псэр абы IэщIилъхьэфынущ: шым езым ицIыху гъуэгур къигъуэтыжынурэ уздынэсыпхъэм унигъэсынущ. Ар икIи егъэлеяуэ сакъщ, и тхьэкIумэхэр тегъэхуа зэпытщ, макъ псоми едаIуэу, езыр гъуэгу пэжым тет-темыткIэ зыкIэлъыплъыжу. Абыхэм апхуэдизкIэ гурыгъуазэ пэж яIэщи, хэбгъэзыхьрэ здэмыкIуапхъэм бгъакIуэмэ, узэрыщыуар къыбгурыIуэжынущ: е бий, е хьэкIэкхъуэкIэ зызыудыгъуа урихьэлIэнущ. Абы иджыри Iуэхуншэу шэщым щIэтыну фIэфIкъым, щIэубыдауэ куэдыIуэрэ яIыгъмэ, зейр хигъэзыхьынурэ зыкъыщIригъэшынущ».

Лъэпкъхэмрэ шы лъэпкъхэмрэ

КАВКАЗ тхыдэдж Калоев Борис зэрыжиIэмкIэ, «Къэбэрдейм шы зэрыщагъэхъуа тхыдэм къыщIэнауэ шы лъэпкъ зыбжанэм я фIэщыгъэхэр зокIуэ, лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм къыхэжэпхъыкIауэ. Псом нэхърэ нэхъыжьу къалъытэр «щолэхъуращ»: XVI лIэщIыгъуэм нэс къикIа дэфтэрхэм къаIуатэ ар Щолэхъухэ ящыщ джылахъстэнеипщым и цIэм епхауэ. ИужькIэ XIX лIэщIыгъуэм Клапрот етх: «НэхъыфI дыдэу Къэбэрдейм къыщалъытэр «щолэхъу» шы лъэпкъращ. Абыхэм я бжыгъэр щитIым щIигъу хабзэкъым, гуартэм щыхэткIэ. ФэкIэ ахэр е пщIэгъуалэщ е пцIэгъуэплъщ. Апхуэдэш сагъэту ятамэ, и уасэр пщылI уасэм пагъэув».

Нэмыцэ щIэныгъэлI Паллас Пётр етх: «Гу лъытэгъуафIэщ мы щауэхэм я зэманым и нэхъыбэр я шы телъыджэхэм зэрытрагъэкIуадэм. А Iуэхум ахэр хьэрыпхэм нэхърэ мынэхъ Iейуэ пэрытщ. ИтIани адыгэхэм ауэ шы дахэ къудейкъым ягъэхъур, атIэ псэущхьэ бэшэч, къаруулфIэ, мэжэлIэнымрэ гугъуехьымрэ яхуэхьу, псынщIагъкIэ яхуэдэ щымыIэу. Зауэ-банэм щыхэтым и деж адыгэхэр псом нэхърэ нэхъ зыщыгугъыр шым и хьэлращ. Дэтхэнэ зы лъэпкъ и щхьэ пщIэ хуэзыщIыжми езым и шы лIэужьыгъуэ иIэжщ, абы тегъэуа дамыгъэмкIэ къэгъэлъэгъуауэ. Нэхъ пщIэшхуэ зиIэр «щолэхъухэращ», ар Талъостэнхэ я нэIэ тету зэрахуэ. И дахагъкIи, къарукIи, псынщIагъкIи бэлыхьщ, адрейхэм къазэрыхэщыр и лъэгур хъурейуэ, дэбзыкIа имыIэу зэрыщытращ». Ауэ Тыркум щыщ шыхъуэ Къущхьэ Фикри зэрыжиIэмкIэ, «щолэхъур» зэрыфIыр и псынщIагъракъым - шы бланэу, тегушхуэ хэлъу зэрыщытращ: «щхьитIщыкIэ езым нэхърэ нэхъ лъагэ къуршым зреупсей щхьэпрыкIыну, гу кIуэцIылъщ».

Щолэхъу и хъыбар

ЩОЛЭХЪУ шы лъэпкъым зи цIэ зэрихьэ Щолэхъу, зэрыжаIэмкIэ, и шы гуартэм и бжыгъэр зэи щэм щIригъэгъуу щытакъым. И ныбжь хэкIуатэу Iуэхур и къуэхэм къащыхуигъанэм, щIалэхэм шы бжыгъэр миным нагъэсащ, абыкIэ адэм зыхуамыгъэщIагъуэуи къэнакъым. АфIэкIа хэмылъу, адэм бжыхь задэ лъагэкIэ къэхуэхьауэ Iуэ ирегъэщIри, шыхэр абы ираубыдэну унафэ ещI. ЖаIар щагъэзащIэм, фочрэ кIий макъкIэ шыхэр ягъэщтэну яжреIэ. Абдежым шы гужьеяхэм зэрызехьэн щIадзащ, ауэ бжыхь задэм къыщхьэдэлъыхьыфар миным щыщу щэ ныкъуэ къудейрщ. Щолэхъуи жыIэпIэ ихуащ: «А къелъахэращ си шы лъэпкъыр, адрей къэнахэр шыуи сыбжыркъым, ахэр жэмщ».

Шы лъэпкъыцIэу тхыдэм зыбжанэ къыхэнащ. Языныкъуэхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, ахэр унагъуэ щхьэхуэм зэрейм, дамыгъэ хэха зэриIэ къудейм къыхэкIауэ къалъытэ. Мыдрейхэм - дэтхэнэ зы шы лIэужьыгъуэми щытыкIэ щхьэхуэ иIауэ ябж. ЕтIуанэ еплъыкIэм щыхьэт тохъуэ абыкъушым теухуа псалъэжьыр: «Зы абыкъушрэ зы аркъэнрэ уиIэмэ уунагъуэщ».

Шы лъэпкъыцIэу узрихьэлIэхэм ящыщщ: абыкъу, ачэтыр, бэчкъан, егъэн, есэней, жэращты, кърымщокъал, къундет, лоу, трамэ, хьэгъундокъуэ, шагъдий, шэджэрокъуэ, щолэхъу, чыпылу.

Шы гъэсэкIэм и щэхухэр

КЪЭБЭРДЕЙХЭМ шым щIопщкIэ уеуэу ядэртэкъым: узым шыр бауэкIэщI ещIри, ирегъэш. Шыгъажэхэм щыхэткIэ фийкIэ, макъкIэ е IэгукIэ утеуIуэурэ тебгъэгушхуэ хъунут, ауэ удыныр шым и гъэсэныгъэм къыщагъэсэбэпыртэкъым, абы шым игурэ и щхьэрэ зэтрихуу къалъытэрти.

Спенсер Эдмонд, инджылыз дунеяплъэм, 1839 гъэм къэбэрдейхэм ятеухуауэ етх: «Дуней псом зы къэрал тет къыщIэкIынкъым мыбыхэм хуэдэу шыр зыхуей хуэзыгъэзэф, зы лъэпкъми шы зехуэкIэм хищIыкIыркъым, мыбыхэм хуэдэу. Щэхушхуэр, хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкIэ, шым зэи зэремыуэращ, абы къыхэкIыу ар зейм хуэпэжу къонэ... Адыгэшым уигу къыхуэкI псори зыхищIэу ибогъэсэф. Сыт хуэдизкIэ мы лъэпкъым гъуазджэрэ цивилизацэкIэ дыщхьэпрымыкIами, шыр зэрагъасэмкIэ, абы кIэлъызэрахьэ цIыхугъэмкIэ икъукIэ дакъыкIэроху, ди шыхъуэхэм адыгэхэм я деж куэдым зыщрагъэсэфынут. Сытуи мащIэ дэ тщIэр мы псэущхьэ телъыджэм зэрызебгъэужьыфынумрэ ар зэбгъэсэфынумрэ теухуауэ. Шыхэм нэхърэ нэхъ къабзэрэ фIыр нэхъ зэхэзыщIыкIрэ, игу зэ зыкIэрыпщIам нэхъ хуэпэжрэ бгъуэтынкъым. Уеблэмэ зэрыцIыкIурэ фермэхэм къыщыхъуахэр ныбжьэгъуфIым хуэдэу апхуэдизкIэ гумащIэ мэхъури, хэгъэзыхьышхуэ хэмыту пхуогъэIэсэ».

ГъэкъэбзэкIэр

IУЭХУ къызэрыгуэкIыу фэзытет шы гъэкъэбзэкIэми Iэмал хэха иIэщ. Тхыдэдж Къумыкъу Тыгъуэн зэритхыжамкIэ, адыгэхэм шыр зэрагъэкъабзэу щытар мыпхуэдэут: «ЯпэщIыкIэ мэкъу IэмыщIэ къащтэри, абыкIэ шыр ялъэщI. ИужькIэ сабынпс хуабэкIэ IэгукIэ ятхьэщI, и фэм фIей зыри къыкIэрымынэжыху».

Шы лъэгур

КЪЭБЭРДЕИШЫР къызэрыфIэгъэувэн Iуэхум мыхьэнэшхуэ щиIыгът абы и лъэгум елэжьыным. ЩIэныгъэлIхэм къызэралъытэмкIэ, адыгэшым и лъэгудыгъуэр апхуэдизкIэ быдэщи, хэхауэ щIыпIэ мывалъэ гуэр мыкIуэмэ, нал щIумылъхьэми мэхъу. Ар зи фIыгъэу ябжыр щIымрэ щIыуэпсымрэ я щытыкIэм и закъуэкъым. Зэман кIыхьым и кIуэцIкIэ езы шыщIэхэр хэплъыхьышхуэ ящIу къызэрыхахыу щытаращ. ШыщIэ лъэгур скъар фIыцIэм хуэдэу цIууэ и щIыбагъымкIэ зэгуэмыкIыу, зэгуэту щытын хуейщ. ШыщIэ къыхащыпыкIахэм я лъэгухэр хуэсакъыпэурэ ягъэкъабзэрт, зыхуей щытыкIэм ирагъэувэным елIалIэурэ. А мурадым лъэIэсын папщIэ шыхэр зэпымыууэ къуршыпс уэрым хахуэурэ и дэгъэзеигъуэмкIэ ягъакIуэрт. Апхуэдэм деж шым, хуей-хуэмейми, псым хэлъ мывэкIэщхъым и лъэгур тригъэзэгъэн хуей мэхъу, ауэрэ шыхъуэр зыщIэхъуэпсым хуэдэу быдэ мэхъу. КъищынэмыщIауэ, шыхэм зэпымыууэ мывэкъуэхэм къыщрагъэкIухь. Аращ Хъан-Джэрий щIитхыр: «Ипэ илъэсхэм шыхэм я лъэгум теплъэ нэс къищтэн папщIэ, псыхъуэхэм нэхъ щагъэхъуакIуэ».

Шым и теплъэр

КЪЭБЭРДЕИШ лъэпкъыр къыхэщхьэхукIыху, шыхъуэхэм мыхьэнэшхуэ ирату щытащ шыхэм къахэхыпхъэр гъэтэмэмыным. Ди адэжьхэм гулъытэ ин хуащIырт шыбгъым и теплъэмрэ и кIыхьагъымрэ, шыбгъэм, лъакъуэхэм. НэхъыфIу къалъытэр зи бгыр захуэу, мыкIыхьыщэу шэщIа шыбграт. Лъакъуэхэм дагъуэ лъэпкъ яIэ хъунутэкъым - я кIыхьагъми, зэрытригъэувэ щIыкIэми, и зэрытыпIэхэми. Шыбгъэр бгъуэуэ икIи кууэ щытын хуейт, ар шым и гумрэ и тхьэмбылымрэ зэрыузыншэм и нэщэнэт. Апхуэдэ къыхэхыкIэм адыгэшым зыми емыщхь Iэпкълъэпкъ зэхэлъыкIэ къритащ, и щхьэми, фIыуэ зызыужьа и жьэпкъми, дзажэналъэхэми, лъакъуэхэми, фэми ар къагъэлъагъуэу. А псом къэбэрдеишым дахагъ къызэрымыкIуэ, лантIагъ, къэкIухьыкIэ щабэ къытригъауэрт. А щытыкIэхэращ абы дунейпсо цIэрыIуагъ къезытари. Къэбэрдеишыр КъуэкIыпIэми КъухьэпIэми къикIыурэ ящэхуу къекIуэкIащ лIэщIыгъуэкIэрэ.

Шым и теплъэм и гугъу пщIымэ, къэбэрдейхэм мыхьэнэшхуэ иратырт абы фэ узыншэ иIэным. Фэ узыншэ зиIэхэм хабжэрт къарапцIэхэмрэ шыгъуэхэмрэ икIи яфIэфIтэкъым гъуабжэхэмрэ къуэлэнхэмрэ. Лъакъуэм и лъагагъым фIэмыкI IэпапIэ сырыхухэр ядэнкIи хъунт, ауэ Iэпкълъэпкъым IэпапIэ хужь хэтыныр шым и узыншагъэм и щыщIэныгъэу къалъытэрт.

Кавказ зауэмрэ адыгэшымрэ

КЪЭБЭРДЕИШЫМ и зыужьыныгъэм зэранышхуэ хуэхъуахэм ящыщщ Урыс-Кавказ зауэм и лъэхъэнэр. Абрамов Яков 1884 гъэм къыдигъэкIа «Кавказ бгырысхэр» тхылъым щетх: «Гъэмахуищми, Къэбэрдеишхуэм и курыкупсэм ит урыс слобода цIыкIу Налшык сыдэсыху, урысхэм къэбэрдей щэнхабзэм и Iэужьхэмрэ илъэс куэд зытекIуэда я лэжьыгъэмрэ укIытэ лъэпкъ яхэмылъу зэрызэтраIущIэм сеплъыну Iэмал сиIащ. «Карательнэ экспедицэ» ирагъэкIуэкIыху, бгырысхэм къуентхъ папщIэу къытраха Iэщ мин тIощIырыпщIхэр пащтыхьым и блыгущIэтхэм яIэрыхьэрт. Апхуэдэ защIэу Iуэхур екIуэкIащ XIX лIэщIыгъуэм и 70 гъэхэм пщIондэ. Архив дэфтэрхэми ар зэрыратхэ хабзэр: «…къэбэрдейхэм къытрахахэм щыщу».

Псом хуэмыдэу ар я хьэлт генералхэу Вельяминовым, Засс, Булгаковым, Дельпоццо: «Къэбэрдей шы гуартэ зэхэфыщIахэр зауэ къуентхъыу къаIэрыхьэурэ, ди къэзакъхэм къэбэрдеиш гуартэхэр зэхаублащ». АрщхьэкIэ къэхутакIуэ Дубенский Дмитрий зэрибжымкIэ, «къэзакъхэм езыхэм я шы гуартэхэр яIыгъыжт, адыгэхэм я шы зехуэкIэ Iэмалхэм емылIалIэу… абы къыхэкIыу шы лъэпкъхэр хагъэкIуэдэжащ».

1810 гъэм Савельев-генералым и унафэщIхэм рапорт яхуетх, адыгэхэр шыгъум пэIэщIэ зэращIам къыхэкIыу яш куэд зэрызэтелIар иту.

1816 гъэм щыщIэдзауэ 1910 гъэ пщIондэ, адыгэхэр Тыркум зэрыIыгъыу щыIэпхъуэжа зэманым, унагъуэ 690.659-рэ Хэкум икIащ, цIыху бжыгъэкIэ 3.102.749-рэ хъууэ. Абыхэм я нэхъыбэр къэбэрдейт. 1864 гъэм и закъуэ адыгэш зезыхуэ нэрыбгэу 342.748-рэ икIащ. А зэманым унагъуэ къэс шы игъэхъурт, аращ къызыхэкIар XIX лIэщIыгъуэм и кIэм - XX и пэщIэдзэм Кавказ Ищхъэрэм шы бжыгъэу итам зэуэ зэрыхэщIар. Псалъэм папщIэ, 1889 гъэм абыхэм я бжыгъэр зэрыхъужыр 4.821-рэ къудейт. А зэманым Кавказ псом щыцIэрыIуэу щытащ Лохэ, Куэцэхэ, Трамэхэ, ЛафIыщхэ, Тамбийхэ, нэгъуэщI куэдми яшхэр. Тыркуми, здэIэпхъуа нэгъуэщI къэралхэми адыгэхэм я псэр зыхэлъ шыр щагъэхъун къагъэнакъым. Хаккер Дж. етх: «Адыгэхэм шы телъыджэхэр зэрахуэрт, Хэкум щиса зэманым ещхьу ягъэхъурэ псори зрагъэхъуапсэу».

«Узуняйла» шы лъэпкъыр

ТЫРКУМ Iэпхъуа адыгэхэм языныкъуэхэр тенджызымкIэ, адрейхэр щIылъэмкIэ кIуахэщ. Иужьрейхэм Хэкум здраша шыхэращ къызытехъукIыжар къыщыхъуа щIыналъэм - Узун-Яйла - и цIэр зыкIэрыпщIа шы лъэпкъыр. Ишджан Каан мы шы лъэпкъым триухуа и тхыгъэм къыхегъэщ «узуняйла»-р адыгэш лъэпкъитхум къазэрытехъукIар: щолэхъу, егъэн, ло, (мэрджан), трамэ. «1937 гъэм, гъатхэпэм и 10-м, Пынарбаши щIыпIэм «Узуняйла шы лъэпкъыр хъумэнымкIэ зэгухьэныгъэ» щызэхаублауэ щытащ. 1980 гъэм фокIадэм и 10-м нэс лэжьа а зэгухьэныгъэм Iуэхушхуэ зэфIигъэкIырт: абы и жэрдэмкIэ шы гъэлъэгъуэныгъэхэмрэ щапIэхэмрэ къызэIуахыу щытащ».

Нобэрей IуэхукIэ

ХIХ ЛIЭЩIЫГЪУЭМ, урыс пащтыхьыгъуэм и зэрыпхъуакIуэ жэрдэмхэм я IэужькIэ, къэбэрдей шы гъэхъукIэр хуэмурэ ужьыхын щIидзащ. ХъупIэхэм зэрыхэщIам, гъаблэм къыхэкIыу, мэл зэрахуэмэ нэхъ яфIэкъабылу зэрыхъуам нэмыщI, зауэ, колхоз зэхэтыкIэ хуэдэхэу псэукIэщIэ зэIумыбзхэмрэ жылагъуэр зыхэхуа лъэпощхьэпохэмрэ шым къылъыс гулъытэр кIуэ пэтми нэхъ мащIэ ящIурэ шым и фIагъым фIыуэ кIэригъэхуащ. ЖыпIэнкIэ, «къэбэрдеишыр» лъэпкъ хэплъыхьахэм ящыщщ, шыхъуэхэми ялъэкI къагъанэркъым ар ирагъэфIэкIуэнымкIэ. Ауэ иджырей къэбэрдеишыр, дауи, XVI-XVIII лIэщIыгъуэхэм зэрыщытами, уеблэмэ XIX лIэщIыгъуэм зэрыщытами хуэдэжкъым.

Къэбэрдеишым и [цIэкIэ] Дунейпсо Зэгухьэныгъэ (Iternational Kabardian Horse Assosiation)

2009 гъэм щIышылэм и 17-м Чехием, Словакием, Франджым, Белоруссием, Косовэ, Израилым, Германием щыщ адыгэ гуп зэхуэсри, Германием щыIэ Мюнхен къалэм Къэбэрдеишым и (цIэкIэ) Дунейпсо Зэгухьэныгъэ (КъДЗ) къагъэунэхуащ. Зэгухьэныгъэм и зэIущIэу 2010 гъэм щIышылэм и 13-м Берлин щекIуэкIам къызэгъэпэщакIуэхэм ящыщ, Тыркум щалъхуа, Германием и «Удзыфэхэм я партым» и унафэщI Оздемир (УанащIэ) Джем щыжиIэгъащ:

«Ныбжьэгъу лъапIэхэ!

КъДЗ-р ирогушхуэ «Къэбэрдеишым и блэкIар, нобэр, къэкIуэнур» зыфIэтща Япэ дунейпсо симпозиумыр къызэрызэIуихымкIэ. Ди гуапэщ къедгъэблэгъэну ныбжьэгъухэри, хьэщIэхэри, Iуэхум дихьэх дэтхэнэ зыри. Иджыри дыпоплъэ Кавказми, Европэми, адрей къэралхэми щыщ щIэныгъэлIхэр, политикхэр, шыхъуэхэр къыддэлэжьэну.

Ди мурад нэхъыщхьэр къэбэрдеишым иджыпстурей и щытыкIэр утыку къитхьэу, абы и тхыдэми нэху тредгъэдзэнырщ. КъищынэмыщIауэ, ди плъапIэщ нобэ къэбэрдей шы лъэпкъыр хъума хъуным елэжь шыхъуэхэу Кавказым щыпсэухэм зэрызащIэдгъэкъуэн Iэмал къэдгъуэтыну. Ди Iуэхум къэбэрдеишым елэжь шыхъуэхэр, псапащIэхэр, ныбжьэгъухэр къызэщIиубыдэу зэрыщытым къыхэкIыу, дыхуейщ цIыхубэмрэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэмрэ я гулъытэр ди лэжьыгъэм къетшэлIэну. Дыфщогугъ дытевгъэгушхуэну, фыкъытхыхьэну».

Адыгэшым теухуа псалъэмакъыр къыщIэддза къудейуэ зэрыдухыр нэрылъагъущ. Шы зехуэныр тхылъ Iуэхуу зэрыщымытра къыщIэкIынщ абы и щхьэусыгъуэр. ИтIани ди псалъэмакъым пызыщэну гукъыдэж зиIэхэм газетым и напэкIуэцIхэр яхуэзIуахащ. Мы псэущхьэ угъурлым и фIагъыр къызэрыIуэтэгъуейм и щыхьэту, зы хъыбар щIэщыгъуэкIэ иужьрей нагъыщэр догъэувыж.

ЩIопщым и ныбжьри хурокъу

ЗЭГУЭРЫМ Сиддхартхэ Гаутамэ - БуддэкIэ зэджэм - и деж цIыху гуэр къыщIыхьэри, пщIэ къызэрыхуищIыр къигъэлъагъуэу, гъэщхъауэ и лъакъуэм къеIусащ.

«Тхьэ щыIэ?» - щIэупщIащ хьэщIэр.

Буддэ абы худэплъейри, жриIащ:

- Си щIалэгъуэм шыхэр зыпэсщI щыIэтэкъым, ауэ зэхэздзынщ щыжысIэм и деж, ахэр лIэужьыгъуиплIым иту слъагъурт. Япэрейр - шы мыгъасэ, нэхъ ерыщхэращ. Сыт хуэдизрэ уемыуэми, къодэIуэнукъым. ЦIыхухэм я нэхъыбэр апхуэдэщ. ЕтIуанэ лIэужьыгъуэр мэдаIуэ, ауэ - удыныр зыхищIа нэужь. Апхуэдэ цIыху куэди щыIэщ. Ещанэ гупым щыщхэм еуэн хуейкъым: абыхэм щIопщыр ибогъэлъагъури зэфIэкIащ. Ауэ еплIанэ лIэужьыгъуэр гъуэтыгъуей дыдэщ: абыхэм щIопщым и ныбжьри яхурокъу.

ХьэщIэр щыму заулкIэ щысри щIэкIыжащ, егъэджакIуэм фIыщIэшхуэ къызэрыхуищIыр и нэкIум иплъагъуэу. А псори Буддэ нэхъыфI дыдэу илъагъу и гъэсэн Анандэ и нэгу щIэкIащ, арщхьэкIэ зыри къыгурыIуакъым. «Сыт хьэдыгъуэдахэ: мор Тхьэ щыIэ жеIэри щIоупщIэ, мыдрейр шыхэм топсэлъыхь» - и гур къезауэрт щIалэм. ПсэлъапIэ ихуа нэужь, Анандэ щIэупщIащ:

- Сэ ар къызэрызгурыIуэн мы дунейм теткъым! Шыхэм ухутепсэлъыхьа нэужь, зиущэхури гъащIэ псо къыбдэпсэуам хуэдэу мамыру къыбдыщысащ. Сэ зыхэсщIакъым игъащIэм апхуэдэ гупсэхугъуэ! Сыт абы жепIар? Сыт абы апхуэдизу фIыщIэ къыщIыпхуищIар?

ЕгъэджакIуэм жиIащ:

- Сэ шыхэракъым сызытепсэлъыхьар. Зи гугъу сщIар ар зыщIэупщIаращ, ауэ ар щIэныгъэ ущэхуащ, псалъэмрэ акъылымрэ я гъунапкъэм фIэкIыу. И пщIэгъуалэм сеплъу а Iуэхум фIыуэ зэрыхищIыкIыр къызгурыIуа нэужьщ шыхэм сытепсэлъыхьын щыщIэздзар. Арат абы и бзэри, жысIа мащIэмкIэ сызэхищIыкIащ. Ар закъуэтIакъуэхэм ящыщщ: щIопщым и ныбжьри хурокъу.

ЧЭРИМ Марианнэ.

● Ди псэлъэгъухэр

КЪУЭЖЬОКЪУЭ Хъусен: «ЩIэблэм я узыншагъэр догъэнэхъапэ»

Шэрэдж Ищхъэрэ къуажэм дэт курыт школым и унафэщI Къуэжьокъуэ Хъусен зыдэс жылэм и мызакъуэу, фIыуэ къыщацIыху, пщIэшхуи щиIэщ Аруан районым. Спортымрэ физкультурэмрэ дахьэхауэ къэтэджа Хъусен КъБКъУ-м и спорт факультетыр ехъулIэныгъэкIэ къиухащ. ЕгъэджакIуэ IэкIуэлъакIуэр, гъэсакIуэ нэсыр илъэс 21-рэ хъуауэ пэрытщ жэуаплыныгъэшхуэ зыпылъ IэнатIэ гугъум. Абы и гъащIэр щхьэузыхь хуещI щIэблэ узыншэ, гъэса къытщIэтэджэным. И къалэнхэр хьэлэлу зэригъэзащIэм и щыхьэту Къуэжьокъуэм къыфIащащ «КъБР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ» цIэ лъапIэр.

Унафэщ I щыпкъэм, лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакIуэ IэкIуэлъакIуэм иджыблагъэ зыхуэдгъэзащ икIи и Iуэхущ Iафэхэм, дуней еплъыкIэхэм тедгъэпсэлъыхьащ.

- Хъусен, школ унафэщIхэм куэд яхэткъым, сызэрыщыгъуазэмкIэ, спорт факультетыр къэзыуха. Сыт щыгъуэ мурад щыпщIар а Iуэхум уи гъащIэр тебухуэну?

- Абы щыгъуэ сэ иджыри сышколакIуэт. ЩIалэ цIыкIухэм щIагъуэ яхэткъым спорт лIэужьыгъуэ гуэрым димыхьэх. Сэри арат - ямылейуэ сызыIэпишат спортым. Абы щыгъуэ мурад сщIащ а унэтIыныгъэм нэхъ кууэ сыхуеджэну. Университетым сыщIэсу практикэ сагъэкIуат Вольнэ Аул дэт 17-нэ курыт школым. ФизкультурэмкIэ егъэджакIуэу абы щыIэр Швец Алексейт. Ар цIыху хьэлэмэтт, егъэджакIуэ Iэзэт. Спорт лIэужьыгъуэхэм ящыщу гимнастикэр къызэрыхэсхар аращ зи фIыгъэу сыбжыр. А Iуэхур абы школым апхуэдизкIэ дахэу, екIуу щигъэувати, хъуэпсэгъуэт: Швец и гъэсэнхэр жыIэдаIуэт, и псалъэр тIу ямыщIу, я щыгъынхэр зэщхьт, зэфIэкIыфIхэри къагъэлъагъуэрт. ЖыпIэнурамэ, занщIэу сызыIэпишащ апхуэдэ Iуэху къызэгъэпэщыкIэм. А школым сыщыIэху къыскIэлъыплъащ езы егъэджакIуэри, чэнджэщ щхьэпэхэр къызиту, дерс ухуэкIэ мардэхэм сыщигъэгъуазэу. ЕгъэджакIуэу ди къуажэ къэзгъэзэжа нэужь, гимнастикэм теухуауэ дгъэтIылъа лъабжьэр а практикэ зэманым и лъэужьщ.

- Спортыр узыншагъэмкIэ сэбэпышхуэщ икIи абы зыIэпиша сабийм хьэулеину, Iуэху мыщхьэпэхэм хэпшэхъуэну, дишэхыну зэман иIэкъым...

- Пэжщ. Спортыр фIыуэ зылъэгъуа ныбжьыщIэр техьэулеикI хабзэкъым: урок нэужьым тренировкэ макIуэ, абы иужькIэ и унэ йокIуэлIэж. Си щхьэкIэ ди къуажэр спорт, физкультурэ я лъэныкъуэкIэ нэхъ япэ итхэм ящыщу собж. Къапщтэмэ, ди школым сабий 265-рэ щоджэри, мащIэ дыдэщ секцэ гуэрым мыкIуэу абы яхэтыр. Ди деж щолажьэ спорт гупжьей зыбжанэ: футболымкIэ, баскетболымкIэ, атлетикэ псынщIэмкIэ, дзюдомкIэ, гимнастикэмкIэ, IэпщэрыбанэмкIэ, нэгъуэщI унэтIыныгъэхэмкIи. СызэригугъэмкIэ, сабийм сыт и лъэныкъуэкIи зиужьынымкIэ гимнастикэм нэхърэ нэхъыфI яхэткъым. Гимнастикэм ныбжьыщIэм и Iэпкълъэпкъыр быдэ ещI, зэпIэзэрыту, хьэл-щэн зэтес иIэу, гугъуехьхэм къапимыкIуэту егъасэ.

Дызэрыгушхуэ яхэтщ ди гъэсэнхэм. Ахэр йохьэ республикэпсо, къэралпсо зэхьэзэхуэхэм я утыкухэм. Саранск къалэм гимнастикэмкIэ щекIуэкIа олимпиадэм ди зы щIалэ зэрысшэрэ куэд щIакъым. ЦIыхуи 100-м щIигъу зыхэта а зэхьэзэхуэ иным ди гъэсэным 9-нэ увыпIэр къыщихьащ. Ар мыIейуэ къызолъытэ. НэгъуэщI ди зы щIали, Шупагуэ Елдар, IэпщэрыбанэмкIэ спортым и мастер хъуащ иджыблагъэ. Елдар спорт факультетым зэрыщIэхуами хуабжьу сыщогуфIыкI.

Спортым ди сабийхэм щызыIэрагъэхьэ ехъулIэныгъэхэм, шэч хэмылъу, хуабжьу дрогушхуэ, арщхьэкIэ ди дежкIэ нэхъапэжщ щIэблэм я узыншагъэр. Ди школакIуэхэм сымаджэрилэ зэрахэмытыр спортымрэ физкультурэмрэ я фIыгъэу собж, сыту жыпIэмэ ныбжьыщIэхэм Iэмал ядот жыы къабзэм зэман кIыхькIэ хэтыну, я Iэпкълъэпкъым зрагъэузэщIыну. Спортым сабийм и дежкIэ иIэ мыхьэнэр фIыуэ къагуроIуэ абыхэм я адэ-анэхэми. Абыхэм ящыщу нэхъыбэр щеджар ди школырщи, а дуней еплъыкIэр яIэу къэтэджащ. Апхуэдэу ягъасэ я бынхэри.

- Уи псалъэмакъым къыхэбгъэщащ гимнастикэр нэхъыфIу зэрыплъагъур. Абы теухуа спорт IэмэпсымэхэмкIэ фыкъызэгъэпэща?

- Ди школым щыIэр 1974 гъэм дгъэувауэ щыта гимнастикэ Iэмэпсымэхэрщ. Ахэр зыдохьэ, дахуэсакъыу. НыбжьыщIэр лъэныкъуэ куэдым хуэзыгъасэ, гъащIэм хуэзыгъэхьэзыр гимнастикэм школхэм я нэхъыбэм гулъытэ щыхуащIыркъым, сызэригугъэмкIэ, абы пыщIа Iуэхухэм емылIэлIэн щхьэкIэ. Iэмэпсымэхэр къэгъуэтыныр, гъэувыныр Iуэху къызэрыгуэкIкъым. Абы къыхэкIыу дерсхэм деж школакIуэхэр топкIэ тIэкIу ягъэджэгумэ, нэхъ къащтэ, ар нэхъ тыншщи. Гимнастикэр къыхэзгъэщхьэхукI щхьэкIэ, абы къикIыркъым баштекъуэзэкIэ абы зыгуэр хэдгъэхьэу - сабийхэм щхьэж фIэфIыр къыхах. КъищынэмыщIауэ, ди щIалэхэм псынщIэу къажыхьыфу, фоч ягъэуэфу, псы есыкIэ ящIэу школыр къедгъэухын хуейщ. Абыхэм хуэхейуэ ахэр дзэм ираджэмэ, куэдкIэ нэхъ гугъу ехьынущ.

- Дэтхэнэ зы школ унафэщIми ещхьу, уэри уи пщэ дэлъщ жэуаплыныгъэшхуэ зыпылъ къалэн. Лэжьыгъэм къыдэхуэ зэманым щыщу спорт, физкультурэ Iуэхухэм куэд тебгъэкIуэдэфрэ?

- ПщэдджыжькIэ къэс сыхьэт ныкъуэкIэ гимнастикэ сощI икIи гукъыдэж сиIэу, си Iэпкълъэпкъыр нэхъ жан хъуауэ лэжьапIэ IэнатIэм сокIуалIэ. Илъэс 60 сыхъуми, ноби теннисымкIэ, баскетболымкIэ сапеуэфынущ нэхъыфI дыдэу джэгу ди гъэсэнхэм. Гимнастикэм и гугъу пщIымэ, дерсхэм щапхъэхэр сэ щызогъэлъагъуэ. ЗэрыжаIэщи, щэ яжепIэ нэхърэ, зэ ебгъэлъагъумэ нэхъыфIщ икIи нэхъ псынщIэу къащтэнущ.

Къыхэзгъэщыну сыхуейт мы Iуэхугъуэри: спортым, физкультурэм зегъэужьыным теухуауэ, пцIы хэмылъу, Iуэхугъуэ куэд щокIуэкI къэралым. ИтIанэ, абы емылъытауэ, дэ, егъэджакIуэхэм, гъэсакIуэхэм, Iэмалхэр, хэкIыпIэхэр къэдгъуэтын хуейщ, цIыкIухэр спортым нэхъри дедгъэхьэхын папщIэ. Спортыр - гъэсэныгъэщ, узыншагъэщ. КъытщIэхъуэ щIэблэм я узыншагъэрэ гъэсэныгъэрэ нэхъапэ щыщымыIэкIэ, абы гулъытэ хэха зэрыхуэщIыпхъэри дэтхэнэми хьэкъыу пхыкIауэ щытын хуейщ. Абы къыхузоджэ балигъхэри ныбжьыщIэхэри.

Епсэлъар **МЫЗ Ахьмэдщ.**



Наполеон Бонапарт жиIэхэр адыгэ мамлюкхэм я унафэщIхэм ядэркъым. *Каир, 1798 гъэ, жэпуэгъуэ мазэм и 23*
Сурэтыр **Гуерин Пьер** *ищIащ. 1808 гъэ*

● Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

● Гъэмахуэ-2013

Загъэпсэхунуи еджэнуи хунос

Сабийхэм я зыгъэпсэхугъуэр щагъэкIуэну фIыуэ ялъагъу щIыпIэхэм ящыщщ Iуащхьэмахуэ куейм хыхьэ Тэгенекли жылэм щыIэ «Эльбрус» пансионатыр. Зыбгъэпсэхуным, уи нэгу зебгъэужьыным къищынэмыщIауэ, еджакIуэ зэчиифIэхэмрэ спортсменхэмрэ зыхуеину псори къыщызэгъэпэщащ пансионатым.

АПХУЭДЭУ абы зыгъэсэныгъэхэр тхьэмахуитIкIэ щрагъэкIуэкIащ Налшык къалэ дэт «Кристалл» спорт комплексым и баскетбол гупым хэтхэм. Пансионатым зыщагъэпсэхуащ икIи я зэфIэкIым щыхагъэхъуащ ЕджакIуэхэм щIэныгъэ-техникэ зыужьыныгъэхэмкIэ я республикэ центрым хэт «Союз» урысейпсо аэрокосмическэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм екIуалIэ цIыкIухэми. Абыхэм папщIэ къызэрагъэпэщащ Бауманым и цIэр зэрихьэу Москва дэт къэрал техникэ университетым и егъэджакIуэхэр зыхэт щIэныгъэ-практикэ конференц. Апхуэдэ зэIущIэхэр тэмэму егъэкIуэкIыным хуэщIауэ «Эльбрус» пансионатым хэтщ иджырей компьютер IэмэпсымэхэмкIэ къызэгъэпэща конференцпэш.

Пансионатым зыщызыгъэпсэху сабийхэр зыщIэс пэшхэр зыхуей псомкIи къызэгъэпэщащ, ахэр махуэм щэ ягъашхэ, абыхэм я Iэнэм сытым деж телъщ пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ хадэхэкIхэмрэ. Сабийхэр зыплъыхьакIуэ яшэ, пшыхь нэгузыужьхэр, зэпеуэ зэхуэмыдэхэр къыхузэрагъэпэщ. «Эльбрус»-м и унафэщIхэм псом хуэмыдэу гулъытэ хуащI сабийхэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным.

Нэгъабэ «Эльбрус» пансионатым зыщагъэпсэхуащ еджакIуэ 400-м, мы гъэм ныбжьыщIэ 600 ирагъэблэгъэнущ.

ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.

● Футбол

«Спартак-Налшыкым» адрейхэр щхьэщокI

Урысей Федерацэм футболымкIэ и япэ дивизионым шыщхьэуIум и 2-м зи чэзу джэгугъуэр щекIуэкIащ. ЗыIущIэн хуея Новокузнецк и «Металлург-Кузбасс»-р зэхьэзэхуэм зэрыхэкIыжар и щхьэусыгъуэу «Спартак-Налшыкым» а махуэм зигъэпсэхуащ. Абы щыгъуэми адрей командэхэм зэпэщIэтыныгъэ гуащIэ ирагъэкIуэкIащ.

МЭРЕМ кIуам зэхьэрхуэрэгъуахэм ящыщу, дауи, япэу утыку къихьащ Владивосток щызэдэджэгуахэр. Ди зэманымкIэ махуэ шэджагъуэм, езыхэм яймкIэ - пщыхьэщхьэ кIасэм, КъуэкIыпIэ Жыжьэм щызэIущIат **«Луч-Энергия»-мрэ** Нижнекамск и **«Нефтехимик»-мрэ.** ЗэпэщIэува лъэныкъуэхэр зыр адрейм къыпикIуэтакъым икIи зэрытемыгъэкIуауэ, бжыгъэри къызэIуамыхауэ ахэр зэбгъэдэкIыжащ.

КъыкIэлъыкIуэу джэгугъуэ махуэр Сыбырым къэIэпхъуащ. А щыпIэм щыщу япэ дивизионым хэт **«Енисей»-мрэ «Сибирь»-мрэ** Красноярск щызэIущIащ. Абыхэми я зэпэщIэтыныгъэр къызэрыгуэкIыу щытакъым. Хэгъэрейхэм бжыгъэр къызэIуаха пэтми, хьэщIэхэм хуэфэщэн жэуап къратыжыфащ икIи зэрытемыгъэкIуауэ, **1:1-уэ,** я зэIущIэр яухащ.

КъуэкIыпIэ Жыжьэмрэ Сыбырымрэ яужькIэ къэралым и Европэ Iыхьэм щыIэ къалэхэм джэгугъуэм щыпащащ. Абыхэм къахэгъэщыпхъэщ зэхьэзэхуэм бжыпэр щызыубыда **«Арсенал»-мрэ «Мордовия»-мрэ** я стадионхэм щрагъэкIуэкIа зэIущIэхэр. Туладэсхэм я пашэныгъэр ягъэбыдащ, Ярославль икIа **«Шинник»-м** бжыгъэшхуэкIэ, **4:0-у,** текIуэри. Абы щыгъуэми саранскдэсхэр зы топ закъуэм ирикъуащ Оренбург и **«Газовик»-р** хагъэщIэн папщIэ. Иджыри къэс турнир таблицэм етIуанэ-ещанэ увыпIэхэр щызыIыгъа командэхэм я зэIущIэр **1:0-у** иухащ.

Калининград щыIэу мыхьэнэшхуэ зиIэ текIуэныгъэ къихьащ Владикавказ и **«Алания»-м.** Ар **1:0-у** щыпIэ **«Балтика»-м** ефIэкIащ. Адрей ди гъунэгъухэр нэхъ хуэмыхуащ - Белгород кIуа **«Ангушт»-р** абы и **«Салют»-м 3:0-у** къыхигъэщIащ. Ингушхэм мы зэIущIэм зэкIэ тэмэму щадэIэпыкъуфакъым махуэ зытIущ ипэкIэ къахыхьа гъуащхьауэ КIурашын Азэмэти.

Аргуэру къыхагъэщIащ бэкIэ зыщыгугъ **«Торпедо»-р.** Мэзкуудэсхэм я стадионым **1:0-у** къащефIэкIащ Дзержинск икIа **«Химик»-р.**

ЗэрытемыгъэкIуауэ, **0:0-у,** иухащ **«Динамо»** (Санкт-Петербург) - **«СКА-Энергия»** (Хабаровск) зэIущIэр. Топ зырызкIэ зэхъуэжащ Волгоград щызэдэджэгуа **«Ротор»-мрэ «Уфа»-мрэ (1:1).**

Япэ дивизионым зи чэзу, ебланэ, джэгугъуэр пщэдей щызэхэтынущ. «Спартак-Налшыкыр» Красноярск къалэм абы и «Енисей»-м щыIущIэнущ. Пашэхэм очкоибгъу-пщIыкIэ къазэрыкIэрыхуар къэплъытэмэ, ди щIалэхэр Iэмал имыIэу хэгъэрейхэм ятекIуэн хуейщ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и япэ дивизионым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	«Арсенал»	6	5	1	0	17-4	16
2.	«Мордовия»	6	5	0	1	14-5	15
3.	«Химик»	5	3	2	0	4-1	11
4.	«Уфа»	5	3	1	1	7-5	10
5.	«Алания»	5	3	1	1	6-4	10
6.	«Газовик»	6	2	3	1	6-4	9
7.	«Ротор»	6	2	2	2	8-5	8
8.	«Сибирь»	6	2	2	2	7-7	8
9.	«Балтика»	6	2	2	2	6-6	8
10.	«Шинник»	6	2	2	2	4-8	8
11.	«Луч-Энергия»	6	2	1	3	3-3	7
12.	«Салют»	5	1	4	1	4-2	7
13.	«Спартак-Налшык»	5	1	3	2	3-5	6
14.	«СКА-Энергия»	6	1	3	2	3-7	6
15.	«Динамо»	6	1	2	3	3-7	5
16.	«Енисей»	6	1	2	3	5-12	5
17.	«Нефтехимик»	5	0	2	3	3-6	2
18.	«Торпедо»	6	0	2	4	2-7	2
19.	«Ангушт»	5	0	1	4	1-8	1

● Фэеплъ

ТекIуахэр Рэхьибэт егъэлъапIэ

Тырныауз и «Тотур» стадионым махуитIкIэ щекIуэкIащ ветеранхэм футболымкIэ я зэпеуэ. Ар и фэеплът Iэпхъуэшапхъуэ Iуэхухэм кIэлъыплъынымкIэ Федеральнэ къулыкъум и IуэхущIапIэу КъБР-м щыIэм и район къудамэм илъэс куэдкIэ и унафэщIу щыта Толгуров Алик. Зэхьэзэхуэр илъэс етIуанэ хъуауэ ирагъэкIуэкI.

ЗЭПЕУАЩ «КъБР-м и УФМС», «Ангушт» (Нэзрэн), «Ника» (Георгиевск), «Эльбрус» (Тырныауз), «Быллым», «Ростелеком» командэхэр. Иужьрей гупым нэхъыбэу хэтыр Алик и ныбжьэгъухэрт.

Футбол зэхьэзэхуэм щIидзэн ипэкIэ къызэхуэсахэм псалъэ гуапэхэмкIэ зыхуагъэзащ Iуащхьэмахуэ муниципальнэ щIыналъэм и Iэташхьэ Отаров Исмэхьил, Тырныауз къалэ администрацэм и тхьэмадэ Джаппуев Руслан, КъБР-м и УФМС-м и къудамэу Iуащхьэмахуэ куейм щыIэм и унафэщI Казаков Алим, район спорт комитетым и тхьэмадэ, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и тренер Жаппуев Магомед сымэ, нэгъуэщIхэми.

Зэхьэзэхуэр гъэщIэгъуэну икIи удихьэхыу екIуэкIащ. Къызэхуэсахэм ялъэгъуащ нэхъапэм футболист цIэрыIуэу щытахэу Заруцкий Александр, Хьэнцэ Аслъэнбэч, Албаков Беслъэн, Оздоев Алий сымэ зыхэт гупым я джэгукIэм. Абыхэм ящыщт спортым и мастер, футбол узэщIакIуэ, илъэс куэдкIэ Налшык и «Спартак»-м щылэжьа Тут Анатолэ.

КIэух зэIущIэм щызэхуэзащ «КъБР-м и УФМС»-мрэ нэгъабэрей зэпеуэм щытекIуа «Эльбрус» командэмрэ. Бжыгъэр 2:1-уэ Iэпхъуэшапхъуэ IуэхухэмкIэ къулыкъум и футболистхэр текIуащ. Абыхэм ялъыса кубокыр командэм и капитан Тут Анатолэ къыIэщIилъхьащ Толгуров Алик и щхьэгъусэ Рэхьибэт. Зэпеуэм хэтахэм медалхэмрэ фэеплъ саугъэтхэмрэ иратащ. КъБР-м щыIэ УФМС-м и лIыкIуэ Биттировэ Хьэнифэ зэхьэзэхуэр удэзыхьэхыу езыгъэкIуэкIа футболистхэм фIыщIэ яхуищIащ, къызэгъэпэщакIуэхэри гулъытэншэ ищIакъым. Зи гугъу тщIы зэхьэзэхуэм зыхуэгъэхьэзырыныр, ар егъэкIуэкIыныр къалэн зыщащIыжащ Толгуров Алик и ныбжьэгъухэу Мэжджыхь Хьэчим, Афашоков Хъусей, Узденов Хьэнапий, Кучменов Руслан, Казаков Алим, Газаев Хьэдис сымэ.

Толгуров Алик и Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ къабгъэдэкIыу абы и шыпхъу Розэ зэхьэзэхуэм и къызэгъэпэщакIуэхэми абы хэтахэми фIыщIэ яхуищIащ.

БАХЪСЭН Азэмэт.

Дохутырхэм я щапхъэм фрикIуэ!

Бахъсэн къалэ и медицинэ лэжьакIуэхэм щапхъэ ягъэлъагъуэкIэрэ наIуэ ящIащ сыт хуэдэ хьэл мыхъумыщIэми спортыр пэщIэтыфыну зэрыщытыр.

ФУТБОЛ губгъуэм щызэхуэзат стоматологие поликлиникэмрэ район сымаджэщымрэ я гупхэр. Я насып къикIащ дзэ дохутырхэм, бжыгъэр 7:3-уэ абыхэм текIуэныгъэр къахьащ.

Футбол зэдэджэгуну гукъэкI зэращIар ядиIыгъащ стоматологие поликлиникэм и дохутыр нэхъыщхьэ, къалэ советым и депутат, ЦIыхубзхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI ХьэшкIул Людмилэ икIи зэIущIэм зыкъригъэхьэлIащ, ар и нэIэм щIэтхэм я текIуэныгъэм щыгуфIыкIыу гуапэу абыхэм ехъуэхъуащ. «Сыхуейт ди къалэм дэс дэтхэнэми спортыр тутын, фадэ ефэным, наркотик зэхьэлIэным нэхърэ куэдкIэ нэхъ IуэхуфIу зэрыщытыр къагурыIуэну», - жиIащ абы.

Дохутыр-футболистхэр мэгугъэ узыншагъэр хъумэн IэнатIэм и лэжьакIуэхэм я деж дяпэкIэ апхуэдэ зэхьэзэхуэхэр щIэх-щIэхыурэ щрагъэкIуэкIыну, абыхэм я щапхъэм Бахъсэн къалэм щыIэ IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэхэри ирикIуэну.

ТЫПЭЩ Элинэ.

● Дэ къытхуатх

Ди щхьэм и зэран зыдохуэ

Налшык и уэрамхэм дэнэ дежи ущрохьэлIэ тутын кIэфхэм, пластикэ птулькIэ нэщIхэм, сэхураныфэхэм, тхылъымпIэжьхэм, нэгъуэщI пхъэнкIий зэхуэмыдэхэми. Ахэр псори и щыхьэтщ дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэным, гъэкъабзэным дызэремыгугъум. Ди хъуреягъыр, хьэуа къабзэр дэ езым доуцIэпIыж. ЖыпIэнурамэ, ди щхьэ и зэран зыдохуэ.

ДЭТХЭНЭМИ и къалэнщ щыпсэу щIыпIэр къабзэу щигъэтыныр. Абы папщIэ къалэнышхуи ди пщэ къыдэхуэркъым, дызыкIэлъыплъыжын хуейуэ аращ. ДызыщIэвгъэгупсысыжыт: ди унэ, ди пщIантIэ щыдмыщIэр щхьэ уэрамым щыдлэжьрэ?! А уэрамри дэращ зейр, махуэ къэс абы дыкъытохьэ, апхуэдэу щыхъукIи а фIейм дыхэту къэткIухьыныр ди щхьэм идопэс.

Къабзагъэр узыншагъэм и лъабжьэ быдэщ. Зедвгъэгъасэ уэрамхэм дызыхуэмеиж хьэпшыпхэр щыхыфIэдмыдзэу, абыхэм хухэха щIыпIэхэр щыIэщи, абдеж нэдвгъэхьэс. Псалъэм папщIэ, куэдрэ къохъу я пщIантIэр ягъэкъабзэрэ куэншыбыжьыр уэрамым щыхыфIадзэу. Апхуэдизу хьэлъэу пIэрэ-тIэ ар куэншыб идзыпIэм щыбгъэтIылъыну. Си гугъэмкIэ, а псор къызыхэкIыр щхьэхынагъэрщ, цIыхухэм я щхьэ Iуэху фIэкIа зыри кърамыдзэу къызэрынарщ. Япэм щыгъуэ, уэрамхэм я къабзагъэм кIэлъыплъу цIыху щхьэхуэхэр щыIэу щытащ. Абыхэм я къалэнт я нэIэм щIэт щIыпIэр махуэ къэс къабзэу щагъэтыну, уэрамхэм пхъэнкIий къыщрамыгъэдзыну. Апхуэдэ мыхъумыщIагъэхэр зыгуэрхэм ящIэу щытмэ, занщIэу ЖЭК-м хъыбарыр нагъэсти, Iуэхум унафэ тращIыхьырт.

Нэхъапэм республикэм и санитар-эпидемиологие IуэхущIапIэм и лэжьакIуэхэм куэншыб идзыпIэхэм деж ягъэув ашыкхэм я хъуреягъыр хлор зэхэщIакIэ ягъэкъабзэрт. Иджыпсту ахэри щыIэжкъым. Къалэ администрацэм иIэщ къабзагъэм кIэлъыплъ IуэхущIапIэ щхьэхуэ, ахэр жэуаплыныгъэ ткIий пылъу я къалэным пэрыхьэмэ, зэхъуэкIыныгъэ гуэрхэри щыIэну къыщIэкIынт.

Сэ сызэреплъымкIэ, уэрамыр къэзыуцIэпI дэтхэнэ зыми къуэды телъхьэн хуейщ. Апхуэдэ хабзэр къащтэмэ, шэч хэмылъуи, цIыхухэр нэхъ зыкIэлъыплъыжынущ, ди хъуреягъми къабзагъэр щытепщэ хъунущ.

Къабзагъэм и мыхьэнэр сабийм унагъуэм щрагъэщIапхъэщ, абы ар еджапIэми щыхуаущиин хуейщ. Дыщыпсэу щIыпIэм и щытыкIэм елъытащ республикэм къеблагъэ хьэщIэхэми къыдаплъыну фэр зыхуэдэр. Урысейм и щIыналъэ нэхъ къабзэ дыдэу тхузехьэнущ ди республикэр. Дызэкъуэту, дызэгурыIуэу, ди щIыналъэр дывгъэхъумэ.

МЭКЪУАУЭ Iэмырбий.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр



«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ къыдагъэкI.

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и уэрам, 5, ебгъуанэ епщIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IуэхущIапIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къищыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балькъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ,
Ленинным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору ЖьэкIэмыхъу Маринэ, корректорхэу Щоджэн Иннэ *(1, 2-нэ нап.),* ЩхьэщэмыщI Изэ *(3, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* Мырзэкъан ФатIимэ. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ищIащ* Ныр Саидэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.813 ● Заказ №1993